ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

I924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№106 (24.076) ● 2020 гъэм фоIадэм (сентябрым) и 5, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Зэхыхьэхэр



# ТекIуэныгъэхэм я парк

**Ди республикэм щежэх псыхэм я нэхъ уардэ Бахъсэн и тIуащIащхьэхэмкIэ щыIэ Нарзанхэм я хуейм фокIадэм и 3-м къыщызэIуахащ «ТекIуэныгъэхэм я парк» зыфIаща комплексыщIэ. А Iуэхугъуэм иращIэкIа гуфIэгъуэ пэкIум къыщыпсэлъащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, «Урысейр зэфIэкI инхэм я къэралщ» АНО-м и унафэщI Комиссаров Алексей, «Урысейм и пашэхэр» зэпеуэм щытекIуахэм я щIыналъэ зэгухьэныгъэу «Iуащхьэмахуэ» зыфIащам и унафэщI Яковлевэ Татьянэ сымэ, нэгъуэщIхэри.**

ЗЭIУЩIЭМ къыщызэхуэсахэм пэублэ псалъэкIэ захуигъэзащ республикэм и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**.

- Дэ дыщопсэу къэрал иным икIи уардэм. Абы иIэщ езым и хабзи, куэдым ягъэщIагъуэу къызэринэкIа и тхыди. Хэт и дежкIи нэрылъагъущ зи щыIэкIэ-псэукIэр псынщIащэу зыхъуэж дунейпсо жылагъуэм дежкIэ мыхьэнэ ин дыдэ зэриIэр ди адэжьхэм блэкIам щызэрахьа лIыгъэр, хахуагъэр, къытхузэранэкIа тхыдэр пщIэ нэхъ зыхуэтщIыпхъэхэм зэращыщыр мы зэманым псэухэми ягу къэгъэкIыжыным. Нобэ къызэIутха комплексри а Iуэхум, блэкIам гулъытэ хэха хуэщIыным, сыткIи зэрыхуэлэжьэнури си фIэщ мэхъу. Дыщыгъуазэщ Совет Союз иным хыхьэу щыта къэралхэм щыпсэухэр нэхъ дызэщIэзыгъэуIуэ Iуэхугъуэ ин дыдэу ди тхыдэм къыхэнар Хэку зауэшхуэр зэрыарар. ЗэрытщIэщи, абы иужь ита лъэхъэнэхэми ди нобэми ди цIыхубэр лъэпощхьэпо зэмылIэужьыгъуэхэм япэщIэувэн хуей хъуащ. ФIыщIэ щхьэхуэ худощI «Урысейр - зэфIэкI инхэм я къэралщ» АНО-м и унафэщI Комиссаров Алексейрэ «Урысейм и пашэхэр» зэпеуэм щытекIуахэм я щIыналъэ зэгухьэныгъэу «Iуащхьэмахуэ» зыфIащам и унафэщI Яковлевэ Татьянэрэ, Iуащхьэмахуэ бгы уардэр зи нагъыщэ мыпхуэдэ проект дахэ къызэгъэпэщынымкIэ жэрдэмыр къызэрыхалъхьам папщIэ. «ТекIуэныгъэхэм я парк» комплексым къыIухьэу, абыкIэ ди къэрал иныр зэрагъэлъапIэр къыхагъэщу, я ехъулIэныгъэхэмкIэ зэрыгушхуэр къахуэгъэлъэгъуэнущ бгыщхьэ аранэхэр къэзыгъэIурыщIахэми, спортсмен цIэрыIуэхэми, гъуазджэмрэ щIэныгъэмрэ я Iэнатlэхэм щехъулIахэми, нэгъуэщIхэми, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек, пэкIум къыщызэхуэсахэм защыхуигъазэм.

АдэкIэ псалъэ иратащ Комиссаров Алексей.

- МахуитI дэкIами арагъэнщ «Урысейм и пашэхэр» зэпеуэм и ещанэ Iыхьэм щытекIуахэр Iуащхьэмахуэ и щыгум дэкIыу, абдежым ТекIуэныгъэм и бэракъ плъыжьыр зэрыщыхатIэрэ. Зэманыр кIуэху, дэ нэхъри тпэжыжьэ мэхъу ди адэжьхэм бэлыхь Iэджи щагъэва, ящыщ куэдым я щхьэхэр щыхалъхьа Хэку зауэшхуэр щекIуэкIа илъэсхэр. Ауэ щыхъукIи, мыхьэнэ ин дыдэ зиIэщ абы щыгъуэ къэхъуа зэпэщIэувэныгъэ хьэлъэм икIи бзаджэм лIыгъэ къыщызыгъэлъэгъуа ди цIыхухэм я фэеплъ нэхур зыщымыгъэгъупщэныр, къытщIэхъуэ щIэблэхэм ар зыхуэдэр егъэщIэныр. Мыбдежым къыщызэIутха комплексым и проектыр щыдгъэхьэзырми тегъэщIапIэ нэхъыщхьэу диIар ди адэжьхэм Хэку зауэшхуэм къыщахьа ТекIуэныгъэр аращ. Ауэ, итIани, иджыри зэ къыхэгъэщыпхъэу къызолъытэ, дэ, Урысейм и цIыхухэм, зауэ мыхъуу, мамырыгъэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэми ехъулIэныгъэ нэрылъагъухэр щызыIэрызыгъэхьахэр куэд дыдэу къызэрытхэтыр. СэркIэ телъыджэщ а гупсысэр зи лъабжьэ фэеплъ-комплексыр ди къэрал псом япэ дыдэу къыщыщызэIутхар мы щIыпIэр зэрыарари. Гъуазджэм и иджырей унэтIыныгъэхэм ящыщ инсталляция макет щIыкIэм тету ар зэрызэхагъэувари гъэщIэгъуэнщ: цIыхум езым и къару емыблэжу зригъэхъулIэхэм бгыжь уардэр и нэщэнэрэ ихъуреягъыр жыгыщIэ хэсапIэу. Си щхьэкIэ куэдрэ сыкъохьэ фи щIыналъэми, сытым дежи сфIэтелъыджэщ гуапагъэу фэ къывбгъэдэкIри, хьэщIагъэу цIыхум ефхым и инагъри, - Комиссаровыр и гупсысэхэмкIэ ядэгуэшащ къызэхуэсахэм.

Яковлевэ Татьянэ къызэрыхигъэщамкIэ, клубым хэтхэм районым ит къуажэхэм дэт курыт еджапIэхэм «ЩIыхьым и фэеплъ» зыфIаща дерсхэр щрагъэкIуэкIащ.

- ФIыщIэ ин худощI текIуэныгъэхэм я нэщэнэ комплексыр къызэгъэпэщыным зи гуащIэ хэзылъхьа псоми. Мыбдежым къызэрыщыхагъэщащи, къыбгъэдыхьа иужькIэ, фэеплъым и пащхьэ щызэхъуэхъуж хъунущ гъащIэм и унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехъулIэныгъэ щызыIэрызыгъэхьауэ къэзылъытэж дэтхэнэри. Ар, дауи, телъыджэщ икIи дызыгъэгуфIэщ, - жиIащ Яковлевэ Татьянэ.

Комплексыр къэхухьащи, щIы IыхьиплIу зэхэтщ. Дэтхэнэми а махуэм псей, бзииху, зэрыджэ, мэракIуэ къызыпыкIэ жыг цIыкIухэр щыхасащ. МетритI зи лъагагъ инсталляцэу Iуащхьэмахуэ и теплъэр зратар а псом я кум итщ.

*Тхыгъэри сурэтхэри*
**КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*



● Фэеплъ



# Головко Арсений и цIэр тхыдэм къыхэнащ

**Налшык къалэ дыгъуасэ къыщызэIуахащ совет дзэзешэ, Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм Ищхъэрэ фронтым и командующэу щыта, ди лъахэгъу Головко Арсений и бюстрэ ар зэрыт скверымрэ.**

ФЭЕПЛЪ Iуэхум хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**, Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, нэгъуэщI къулыкъущIэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, Головко Арсений и Iыхьлыхэр.

Бюстымрэ ар здэщыт щIыпIэмрэ тращIыхьащ илъэс куэд щIауэ Головко и цIэр зезыхьэ уэрамым. «Головко Арсений хуэдэ лIыхъужьхэм я фэеплъыр дгъэлъэпIэныр, Хэкум и хъумакIуэ нэсым и щапхъэр къыдэкIуэтей щIэблэм едгъэцIыхуныр ди къалэн нэхъыщхьэщ, - жиIащ КIуэкIуэм. - Нобэ, зэи хуэмыдэжу, зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым зи цIэр тхыдэм къыхэнахэр, мамыр гъащIэр тхуэзыухуахэр».

КIуэкIуэм дыщIигъуащ Iуэхур ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ щрикъу илъэсымрэ ЕтIуанэ дунейпсо зауэр щиуха махуэхэмрэ зэрытехуам мыхьэнэшхуэ зэриIэр. ИкIи фIыщIэ яхуищIащ бюстымрэ скверымрэ ухуэным жэрдэмщIакIуэ хуэхъуа щIалэгъуалэм.

Мывэ сыныр къызэIуахащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ Головко Арсений ипхъу Натальерэ. Наталье къыхигъэщащ ипхъу Александрэрэ езымрэ екIуэкI Iуэхур хуабжьу гуапэ зэращыхъуар икIи фэеплъ дамыгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу къэрал псом дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Зэхыхьэм къыщыпсэлъащ КъБКъУ-м и ветеранхэм я советым и президиумым хэт **Сокъур Башир**, къат куэду зэтет унэхэм щIэсхэм я цIэкIэ - **Байсиевэ Саният**.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

● Хъыбар гуапэ

# Сэрмакъ къуажэдэсхэр зыщыгуфIыкIа Iуэху щхьэпэ

**ЩIыналъэ автомобиль гъуэгухэм ящыщу иджыри зым щызэфIагъэкIащ зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр - Дзэлыкъуэ щIыналъэм щыщ Сэрмакъ къуажэм и уэрам нэхъыщхьэм телъыр зыхуей хуагъэзащ.**

КИЛОМЕТРИ 7,3-рэ хъу гъуэгум къуажэм социальнэ мыхьэнэ щызиIэ ухуэныгъэхэр къепхащ - узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм ехьэлIа IуэхущIапIэхэр, цIыхум IэпкълъэпкъымзыщрагъэукъуэдийI, узыншагъэр щызэфIагъэувэж комплексыр.

Асфальтыжьыр трахри, асфальт-бетон зэхэлъыр тIэунейрэ тралъхьащ, лъэс зекIуапIэхэр, зэхэкIыпIэхэр, гъуэгу гъунэхэр зыхуей хуагъэзащ, хабзэм къигъэув дамыгъэхэри тращIэжащ.

ЦIыху 8310-рэ зыдэс Сэрмакъ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Махуэ Руслан къыхигъэщащ гъуэгур зэрызэрагъэпэщыжам жылэдэсхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр: «Мы гъуэгур къагъэсэбэп абы и Iуфэм Iут школищымрэ спорт комплексымрэ къекIуалIэхэм, жылэдэс псоми. Ди дежкIэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныр псом ящхьэщ икIи арэзы дыкъещI лъэс зекIуапIэ псори Т.7 лIэужьыгъуэм хуэдэ светофорхэмкIэ къызэрызэрагъэпэщам».

Муниципалитетым и Iэтащхьэм къуажэдэсхэмрэ жылэдэс нэхъыжьхэм я советымрэ къабгъэдэкIыу республикэм и унафэщIхэм фIыщэ яхуищIащ псынщIэу, и фIагъкIи дэбгъуэн щымыIэу гъуэгур зэрытралъхьэжам папщIэ.

Лэжьыгъэхэр ягъэува пIалъэм и пэ къихуэу зэрагъэпэщыжащ. Ахэр зэфIагъэкIащ «ФIагъ лъагэ зиIэ автомобиль гъуэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ.

# «Шэрджэс дерби» зэпеуэр йокIуэкI

● Телъыджэ

**ФокIадэм и 1-м щегъэжьауэ и 10 пщIондэ КъБР-м «Шэрджэс дерби» зыфIаща шы зэхьэзэхуэ щокIуэкI. Дунейпсо мыхьэнэ зиIэ а зэпеуэм адыгэш фIэкIа хэткъым.**

ШУУЕЙ 11 хэту ежьа зекIуэ-зэпеуэм хэтхэм махуипщIым и кIуэцIкIэ километр 1000 зэпачыну къалэн зыхуагъэувыжащ. Пщэдджыжьым сыхьэтихым щегъэжьауэ пщыхьэщхьэм 18 пщIондэ Нартан къуажэм ихъуреягъкIэ километр 25-рэ хъууэ пхаша лъагъуэм махуэм плIэнейрэ ирокIуэ шухэмрэ шыхэмрэ. А гъуэгуанэр зэпача нэужь, пщыхьэщхьэм километри 100 якIуауэ къыщIокI. Шухэр ежьэн и пэ сыхьэт иIэу, шы псоми Iэщ дохутырхэр йоплъ, къекIуэлIэжа нэужьи, щхьэж и километри 100-м тригъэкIуэда зэманыр яубзыху.

«Адыгэшым и фонд»-м игъэлажьэ напэкIуэцIхэм щыгъуазэ дызэращIымкIэ, зэхьэзэхуэм хэтынухэм хуагъэува мардэм ипкъ иткIэ, шу узэдам и хьэлъагъыр килограмм 75 - 90-м я зэхуаку дэтыпхъэщ, езыхэр ныбжькIэ илъэс 18 нэхърэ нэхъыщIэ хъунукъым. Зэхьэзэхуэм хэтыну хуитыр илъэси 7 нэхърэ мынэхъыщIэ, паспорт зиIэ адыгэшхэрщ. Зэпеуэм пыщIа лэжьыгъэхэр зэфIэзыхыр Мыз Исмелщ, къызэзыгъэпэщар Егъэн Ибрэхьимрэ Сибэч Артуррэщ.



Шухэр гъуэгу щытехьа япэ махуэм зэхьэзэхуэм хыхьащ: Зыхъуэ Замир, Абрэдж шым тесу; Алижан Анзор, Адмирал шым тесу; Къунаш Алимбэч, Горец шым тесу; Батырдэгу Рустам, Джахар шым тесу; Къуныжь Роберт, Инал шым тесу; Сибэч Артур, Нарт шым тесу; Къардэн Къазбэч, Уэщро шым тесу; ШэрыIужь Мурат, Тибард шым тесу; Джатэ Щамил, Шагъдий шым тесу.

Гуапэщ зэпеуэм балъкъэр щIалэ зэрыхэтри. Ар Буран шым тес Ураев Аристанщ.

Махуэ ещанэм ирихьэлIэу шым е шум я узыншагъэм и зэранкIэ, шу зэтесхэм я бжыгъэр 7-м къеIэбыхащ. ЗэкIэ псынщIагъкIэ япэ итыр Къуныжь Роберт зытес Иналщ.

ФIыщIэ лей хуэфащэщ мы зэхьэзэхуэм теухуа хъыбархэм езым и гукъыдэжкIэ щыгъуазэ дызыщI адыгэ блогер КIуэкIуэ Мурат. И интернет напэкIуэцIхэм зэхьэзэхуэр зэрекIуэкIыр къыщигъэлъагъуэм къыщымынэу, Мурат Iуэхум хэзыщIыкIхэр къигъэпсалъэурэ, адыгэшми абы елIалIэ шухэми я пщIэр еIэт. Мурат и фIыгъэщ, псалъэм папщIэ, къызэрытщIар «Шэрджэс дерби»-р зэрекIуэкIам теухуа фильм убгъуа ЕмкIуж Анзор игъэлажьэ «Кавказфильм» IуэхущапIэм зэригъэхьэзырыр. «Фыкъыдогъэблагъэ адыгэшымрэ адыгэлIымрэ я тхыдэщIэр щатх Налшык къалэ къыбгъэдэт Нартан къуажэм», - гуапэу захуегъазэ режиссерым дунейпсо цIыхубэм.

КIуэкIуэ Мурат зэпеуэр щекIуэкI губгъуэм къыщигъэпсэлъа тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат Мэрзей Аслъэнбэч цIыхухэр зыщIэупщIэхэм жэуап иритащ. «Шыхэр гугъу ирагъэхь жаIэ щхьэкIэ, адыгэш лъэпкъым зиужьын папщIэ, мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэр щымыIэу хъунукъым, - жеIэ Аслъэнбэч. - Адыгэшыр адрейхэм къахэзыгъэщыр, зэрыбэшэчым и мызакъуэу, псынщIэу зэрыщытырщ. БэшэчагъымкIэ абы къытекIуэфынущ монголышхэр. Ауэ адыгэшыр псынщIагъэкIэ япэ йощ. Ар наIуэ къыщыхъур мыпхуэдэ зэпеуэхэрщ».

Зэхьэзэхуэм хэт дэтхэнэ зыми и зэфIэкIыр IэщIагъэлIхэм



щхьэхуэ-щхьэхуэу къагъэлъагъуэ щхьэкIэ, Нартан къэпщытэныгъэм хэта дэтхэнэ зыми и цIэр адыгэшымрэ адыгэ лъэпкъымрэ нобэ къызэIуах напэкIуэцIыщIэм дыщэпскIэ итынущ.

ПЩЭДЕЙ, фокIадэм и 6-м, Мэзкуу щекIуэкIынущ Урысей Федерацэм и Президентым и саугъэтым папщIэ зэпеуэнухэр зыхэтыну шыгъажэр. Ар къызэрегъэпэщ УФ-м мэкъумэшымкIэ и министрым и япэ къуэдзэ Хьэту Жамболэт. Адыгэ лIыщхьэр иджыблагъэ КъБР-м щыхьэщIа къудейщ. ШыщхьэуIум екIуэкIа «Урысейпсо дерби» шыгъажэм текIуэныгъэр зыIэрыхьауэ щытар Сыжажэ Руслан зытеса Людовикырт.

**ЧЭРИМ Марианнэ.**

*ГУ ЗЫЛЪЫТАПХЪЭ:*

***Нобэ махуэ етхуанэ гъуэгу теувэну «Шэрджэс дерби» зэпеуэм и саугъэт фондыр сом 500. 000 мэхъу.***

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щIэуэ къежьа коронавирус уз зэрыцIалэр (2019-nCoV) къыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхьэзыру щытынымкIэ хабзэр щыгъэувыным икIи абы земыгъэубгъуным хуэунэтIа зи чэзу Iуэхухэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъэкIа Указ №19-УГ-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щIэуэ къежьа коронавирус уз зэрыцIалэр (2019-nCoV) къыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхьэзыру щытынымкIэ хабзэр щыгъэувыным икIи абы земыгъэубгъуным хуэунэтIа зи чэзу Iуэхухэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъэкIа Указ №19-УГ-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн, 2.6 пунктым и «а» пункт къуэдзэм хэт «2020 гъэм фокIадэм и 6 пщIондэ» псалъэхэм яужькIэ «, 2020 гъэм фокIадэм и 7-м къыщыщIэдзауэ 2020 гъэм фокIадэм и 20 пщIондэ, 2020 гъэм фокIадэм и 21-м къыщыщIэдзауэ 2020 гъэм жэпуэгъуэм и 4 пщIондэ» псалъэхэр щIыгъуауэ.

2. Мы Указым къару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2020 гъэм фокIадэм и 4-м*
*№118-УГ*

● ТхылъыщIэхэр

# Лъэпкъым и псэр и бзэрщ




**«Эльбрус» тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ къыщыдэкIащ адыгэ тхыбзэмрэ анэдэлъхубзэмрэ пэщIэдзэ еджапIэхэм зэрыщрагъэджыну япэ тхылъхэр. Урысейм егъэджэныгъэмкIэ щыIэ къэрал мардэхэм тету зэхалъхьа тхылъыщIэхэр, шэч хэмылъу, щIэныгъэр здынэса лъагапIэхэр къэзыгъэлъагъуэ щапхъэ дахэщ.**

ЗЫМ И ДЕЖКIИ щэхукъым лъэпкъым и щыIэныгъэр бзэм зэрелъытар. ЦIыхур зэрымыпсалъэ, зэрымыгупсысэ бзэр абы дежкIэ анэдэлъхубзэкъыми, езым «сыхуейщ, зэзгъэщIэнущ» жиIэу пщэрылъ зыщимыщIыжмэ, сыт хуэдизкIи хэгъэзыхь, къикIын щIагъуэ щыIэкъым. Апхуэдэ гупсысэ цIыхум и щхьэ къыщихьэнур бзэр егъэджыным теухуамэщ, дунейм щызекIуэ методикэ Iэмалыщlэхэр абы хэлъмэщ, еджэныгъэр щIэщыгъуэу къызэпэщмэщ. Лъэпкъ мащIэхэм я бзэр зэрыт щытыкIэ гугъум къишыныр къызэрымыкIуэу Iуэху хьэлъэщ. Къэралыр щIэгъэкъуэн мыхъумэ, абы и хъумэным ехьэлIауэ иIэ хьэкъыр имыгъэзащIэмэ, гупыжрэ фIэфIыныгъэкIэ Iуэху зэхэмыбзхэр зэблэха хъунукъым.

Анэдэлъхубзэр щIэблэм егъэщIэным пыщIа Iуэхугъуэхэм ирипIейтейуэ кIэщIкIэщIурэ иропсалъэ егъэджакIуэхэри, адэ-анэхэри, щIэныгъэлэжьхэри, жылагъуэ лэжьакIуэхэри. Пэжыр жыпIэмэ, дэтхэнэри зыгъэгумэщI Iуэхугъуэхэр мащIэкъым. Псалъэм папщIэ, егъэджакIуэхэр къэтщтэнщи, ахэращ-тIэ щIэблэм ядэлажьэу абы ящIэмрэ ямыщIэмрэ фIыуэ щыгъуазэри, тхылъхэр щызэхалъхькIэ, лэжьыгъэрэ гъэзэщIапхъэу абы итынухэр нэхъ тынш щIын, бзэм иIэ щытыкIэм, абы игъуэта зыужьыныгъэм тещIыхьын, еджакIуэр дэзыхьэх Iэмалхэр хуэухуэнауэ зэхэгъэувэн хуейуэ къалъытэ. ЩIэныгъэлэжьхэри бзэщIэныгъэм утыку къищIа къэхутэныгъэщIэхэр егъэджэныгъэм зэрыхалъхьэным хущIокъу, нэхъыбэ къызэрызэщIрагъэубыдэным, купщIафIэ зэращIыным хэтщ. Адэ-анэхэри хуейщ егъэджэныгъэр гъащIэм пэджэжу, гъэщIэгъуэну къызэгъэпэща хъуну.

Ауэ лъэныкъуэхэр псори зыкIэ арэзыщ: дерсым еджакIуэр дихьэхыу, ар фIэфIу иджын щхьэкIэ щIэныгъэр щызу щыбгъуэт тхылъхэр щыIапхъэщ. Мис а щыщIэныгъэр ягъэзэкIуэж дунейм къытехьа тхылъыщIэхэм. Ухуэсакъыпэурэ зи напэкIуэцIхэр къызэбгъэдзэкI тхылъыщIэхэм уащыпхрыплъкIэ, абыхэм зыIэпамышэн щымыIэну фIэщхъуныгъэ къыуат.

Тхылъхэм я къыдэкIыным щыгуфIыкIыу «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщI Ацкъан Руслан жеIэ, ипэм къыдэкIауэ щыта тхылъхэм еплъытмэ, мы къыдэкIыгъуэхэм дунейм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм яжь зэрыщIихуар. Псом япэрауэ, цIыкIухэм яIэщIыхьэну тхылъхэм щымыIэж къэрал идеологием и лъэужь къызэрыхэмынар, екIуэкI зэманым дищтэу, щыIэ дуней лъагъукIэм къитIасэу зэрыщытыр къыхегъэщ. ЕтIуанэрауэ, тхылъхэр педагогикэ щIэныгъэм къигъэув бгъэдыхьэкIэщIэхэм зэрытетым, къэрал мардэхэми темыкIыу зэрызэхэлъхьам гу лъыдегъатэ. Ещанэрауэ, ар нэхъыщхьэуи къыщIэкIынщ, нэхъапэхэм къыдэкIауэ щыта зэреджэ тхылъхэр урысыбзэр зэрырагъэдж методикэ зэмылIэужьыгъуэхэм тещIыхьауэ щытамэ, мыхэр езы адыгэбзэм бгъэдэлъ нэщэнэ унейхэм къызэрыщежьэм, и егъэджыкIэ хъунури абы гуэх имыIэу зэрепхами трекъуэ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

## «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъазэ

2020 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм цIыхухэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманыр иухащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - жэпуэгъуэм (октябрым) щыщIэдзауэ ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мази 3-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 348-рэ кIэпIейкIэ 15-рэщ.

**Ди индексыр П 5894**







# Лъэпкъым и псэр и бзэрщ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап. итщ.).*

Адыгэбзэмкlэ зэреджэну тхылъым щlэуэ хэлъхэм ущеплъкlэ, псом япэ уи нэр тохуэ абы игъуэта «Адыгэ тхыбзэ» фlэщыгъэм. Къабыл умыщlынкlэ lэмал зимыlэ мы бгъэдыхьэкlэм еджакlуэр зыбгъэдэувэ lэнатlэр зыхуэдэр гурегъаlуэ, тхэкlэ lэмалрэ бзэ зэгъэпэщарэ зригъэгъуэтын зэрыхуейм еджакlуэм и акъылыр хуегъэуш.

Зэуэ гу зылъыптэ щlэщыгъуэхэм ящыщщ тхылъыр зэхэзылъхьахэм еджакlуэхэр зэрыгъуэзэн дамыгъэу къыхалъхьари. Дэтхэнэми къалэн пыухыкlа ягъэзащlэ. Псалъэм папщlэ, яджар къызэрапщытэж, темэщlэм хэзышэ упщlэхэм дамыгъэ щхьэхуэ ялэщ, тхыбзэ хабзэхэр зрагъэщlэну къыхуезыджэ дамыгъэхэр уэру хэтщ, ущрохьэлlэ бзэм зезыгъэужь, псалъэрыджэгу дамыгъэхэм, узыгъэдаlуэ дамыгъэхэм. Ахэр псори хуэунэтlащ сабийм и гулъытэр lыгъыным, дерсым хэпщlауэ щыгъэтыным.

Бзэм зегъэужьыным хуэгъэзауэ тхылъхэм узыщрихьэлlэ псалъэгъэнахуэхэр, псалъалъэхэр купщlафlэщ, игъуэщ. Тхылъым и кlуэцlкlэ къыщыкlуэ псалъэ гурыlуэгъуейхэм я мыхьэнэхэр адыгэбзэкlэ къиlуатэ къудей мыхъуу, урысыбзэкlи зэредзэкl.

Тхылъым ит сурэтхэр щхъуэкlэплъыкlэ защlэщ, сабийм и ныбжьым теухуауэ, зэджэ lуэхугъуэм хэщlыхьауэ къыхэха хъуащ, уатезашэркъым. Сурэтхэр тхылъыр зэхэзыгъэувахэм къыхахыжащ, ауэ жыпхъэ пыухыкlам иту зэкlэлъызыгъэкlуар, тхылъым и дизайныр зыщlар сурэтыщl Алий Юрэщ.

«Лъэпкъым и псэр и бзэрщ» псэлъафэр хэту тхылъым и щlыlу логотип тетщ. Зэреджэну тхылъхэм псоми тетыну мы псалъэм еджакlуэр къыхуриджэ хуэдэщ зыщlэгупсысыкlыну: фэращ къэкlуэнур зейр, фэращ анэдэлъхубзэр зыгъэпсэуну лъэпкъыр зыщыгугъри.

Фигу къэдгъэкlыжынщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым Егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я lуэхухэмкlэ и министерствэм нэгъабэ къыхилъхьэри, тхылъ зэхэгъэувэнымкlэ зэпеуэ иригъэкlуэкlауэ щытащ. Зэхьэзэхуэм пхыкlахэм ящыщщ пlалъэ кlэщlым къриубыдэу и къалэныр хъарзынэу зыгъэзэщlа Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкlэ и кафедрэм и доцент, филологие щlэныгъэхэм я кандидат Къардэн Мусэдин зи пашэ гупыр. Дяпэкlи гупым лэжьыгъэшхуэ къыпэщылъщ егъэджэныгъэм къыщагъэсэбэп тхылъхэр щыlэ мардэхэм зэрытехуэм хуэгъэзауэ экспертизэ егъэщlыныр, электрон жыпхъэр гъэхьэзырыныр.

Иджыпсту дунейм къытехьа тхылъхэр (1, 2, 4-нэ классхэм ейхэр) зэреджэ пособиеущ къызэрылъытапхъэр, эксперимент пэлъытэу ахэр курыт еджапlэ тlощlым трагуашэу еджэныгъэм зэрыхэзагъэм, егъэджакlуэхэмрэ еджакlуэхэмрэ къызэращтэм еплъын хуейуэ къалэн щыlэщ. Пlалъэ пыухыкlам и кlуэцlкlэ тхылъхэм ехьэлlауэ щыlэ гупсысэхэр зэхуахьэсу, ахэр тхылъхэм халъхьэжу, экспертизэм пхагъэкlыу, итlанэ зэреджэн тхылъу къыдагъэкlыжыну аращ зэрыщытыр.

Апхуэдэу щыт пэтми, лэжьыгъэшхуэ зэфlэха хъуащи, адыгэбзэм, адыгэ литературэм я егъэджыныр зы гъуэгуанэ дахэ теша зэрыхъунумкlэ гугъапlэхэр уегъэщl.

**ШУРДЫМ Динэ.**

● Урысейм и пашэхэр



# Дерс зэIухахэр ирагъэкIуэкI

**«Урысейм и пашэхэр» къэралпсо зэпеуэм и япэ зэхуэсыгъуэм щытекlуахэм, апхуэдэу абы и кlэух lыхьэм хэтахэм lуащхьэмахуэ лъапэ и курыт еджапlэхэм щрагъэкlуэкlащ дерс зэlухахэр. Ахэр теухуауэ щытащ фэеплъымрэ щlыхьымрэ, пашэныгъэр къэпхьын папщlэ узэрыщытын хуейхэм, пхэлъыпхъэ хьэл-щэнхэм. Проектхэм я къызэгъэпэщакlуэу щытар «lуащхьэмахуэ» клубырщ.**

КЛУБЫР 2018 гъэм къызэрагъэпэщащ «Урысейм и пашэхэр» зэпеуэм щытекlуахэм я зэгухьэныгъэм. Абы и мурад нэхъыщхьэр социальнэ къалэнхэр зэфlэхыным щlэгъэкъуэн хуэхъунырщ. Мы зэманым ирихьэлlэу абы цlыху 200-м щlигъу хэтщ икlи къэралым и щlыпlэ куэдым ехъулlэныгъэкlэ щагъэзащlэ проект щхьэпэ куэд. Ахэр лэжьыгъэм нэхъыфlу хэгъэгъуэзэн щхьэкlэ кlэлъоплъ lэнатlэ инхэм, зи lуэху зэпэщу зэтеухуахэм, я лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкlэм, езыхэм я жэрдэмхэри къыхалъхьэри, зэlущlэхэм щытопсэлъыхь.

ЕджакIуэхэм дерсхэр драгъэкlуэкlащ «Газпром щlыдагъэ» ПАО-м стратегиемрэ къыхалъхьэ lуэхущlэхэмкlэ и департаментым и унафэщl Юрьев Дмитрий (Санкт-Петербург), «lуащхьэмахуэ» клубым и проект lуэхущlапlэм и унафэщl, «Инфосистемс» жэуап зэхэгъэщхьэхукlа зыхь зэгухьэныгъэм зыужьыныгъэмкlэ и lэтащхьэ, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт Дмитриевэ Евгение (Москва), «МИСиС» щlэныгъэ-къэхутакlуэ технологие университетым промышленнэ lуэхущlапlэхэм я лэжьыгъэр зэтеухуэнымрэ экономикэмкlэ и институтым и унафэщl Калинский Олег (Псыхуабэ), «lуащхьэмахуэ зыгъэпсэхупlэр» акционер зэгухьэныгъэм кадрхэм я lуэхухэмкlэ и lэщlагъэлl, бгы-лыжэ спорт лlэужьыгъуэмкlэ спортым и мастерым и кандидат Мусуковэ Жаннет (Терскол).

«Фэеплъымрэ щlыхьымрэ я дерсым» хыхьэу Юрьев Дмитрий сабийхэм яхутепсэлъыхьащ бжыгъэр зи лъабжьэ иджырей lэмэпсымэхэр, портал хэхахэр, Зыхъумэжыныгъэмкlэ министерствэм и архивхэр къигъэсэбэпурэ, XXI лlэщlыгъуэм хэпсэукl цlыхум псори зэпилъытыфыну иlэ зэфlэкlхэр и щlэгъэкъуэну дэтхэнэми езым и унагъуэм и тхыдэр, и lыхьлыхэм я къекlуэкlыкlар къызэрихутэжыфыну щlыкlэр.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щlыналъэм и лlыкlуэу «Урысейм и пашэхэр» зэпеуэм и кlэух lыхьэм хэта Мусуковэ Жаннет ныбжьыщlэхэм ядэгуэшащ кадрхэм ядэлэжьэнымрэ спортымрэ зэрызэдихьым и щэхухэмкlэ.

Дмитриевэ Евгение зэрыжиlамкlэ, пашэныгъэм, абы ухущlэкъуным теухуа дерсхэм гулъытэ щхьэхуэ щыхуащl абыкlэ къэщхьэпэ lэмалхэм, щызэпкърах мурадыр убзыхун зэрыхуей щlыкlэр, абы улъэlэсын папщlэ уи зэфlэкlхэр зэрызэпэплъытапхъэр, цlыхухэр lэнатlэкlэ къыщызэрагъэпэщ lуэхущlапlэм щыщыlэ щытыкlэр зыхуэдэр зрагъащlэ, лэжьапlэ къэбгъуэтынымкlэ щыlэ хэкlыпlэхэм зыщагъэгъуазэ.

**ШЫРЫТ Къантемыр.**

● Ди щIалэхэм дзэм къулыкъу щащIэ

# Куэдым щапхъэ яхуэхъу Атлъэскыр Ислъам

**Икъукlэ гуапэщ ди республикэм щыщхэм я цlэ фlыкlэ къраlуэу зэхэпхыныр. Псом хуэмыдэу lыхьэлейуэ ущогуфlыкl, Къэбэрдей-Балъкъэрым и пщlэр ди къэралми, нэгъуэщl хэкухэми щаlэтмэ.**

АПХУЭДЭУ, и адэ-анэм я лъэр жан зэрищlым и мызакъуэу, зыцlыху псори ирогушхуэ Шытхьэлэ къуажэм щыщ Атлъэскыр Ислъам и хъыбарыфl абы къулыкъу щищlэ дзэм къызэрикlым.

Ислъам здэщыlэ частым и командирым къыбгъэдэкl тхыгъэ къаlэрыхьащ абы и адэ-анэм. Дзэ частым и унафэщl, полковник Русаков П. и lэр зыщlэлъ тхыгъэм щыжеlэ:

«Пщlэ зыхуэсщlхэу Светланэ Умар ипхъу, Хьэзрит lэуес и къуэ! Икъукlэ си гуапэу хъыбар фызогъащlэ фи щlалэ, ефрейтор Атлъэскыр Ислъам и дзэ къалэнхэр хьэлэлу зэригъэзащlэмкlэ. Абы и lэщэмрэ техникэмрэ lэкlуэлъакlуэу егъэшэрыуэ, пщэрылъ къыхуащlхэр нэгъэсауэ, егугъуу зэфlегъэкl.

Зыгъэсэныгъэхэм зэщlэкъуауэ хэтщ, сыт хуэдэ lуэхуми егупсысауэ, губзыгъэу бгъэдохьэ.

Фи къуэ Ислъам къулыкъу къыдэзыщlэхэми и унафэщlхэми пщlэ къыхуащl, lулыдж иlэщ, апхуэдэуи гъэсэныгъэ дахэ зэрыхэлъымкlи, дзэм хэтхэм яку дэлъ зэкъуэшыгъэм, къалэным, щlыхьым зэрахуэпэжымкlи куэдым щапхъэ яхуохъу.



**Ислъам** *(ижьымкlэ щытырщ)* **и ныбжьэгъухэм яхэту.**

Iэщэкlэ Зэщlэузэда Къарухэм щрихьэкl къалэныр зэфlигъэкlа нэужьи, 26-нэ ракетнэ гупым къулыкъу щыщищlэм зыхилъхьа хьэлхэу Хэкум и хъумакlуэм хэлъын хуейхэм фи къуэр зэремыбэкъуэнум шэч къытесхьэркъым».

Ди гуапэщ адыгэ щlалэм и зэфlэкlхэм адэкlи хигъахъуэу, республикэми, лъэпкъми, къызыдэкlа къуажэми я пщlэр лъагэу иlэту адэкlи псэуну, насыпыфlэ хъуну.

**ДЖАТОКЪУЭ Марьянэ.**

● Футбол

# Шынагъуэщ прохладнэдэсхэм уапэщIэхуэну

**Мыгъэрей зэхьэзэхуэм ирихьэлlэу зэбграутlыпщыкlыжа Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и нэгъабэрей чемпион Бахъсэн и «Автозапчасть»-м и пlэм иува хуэдэщ Прохладнэ и «Энергетик»-р. Абы и хьэрхуэрэгъухэр бжыгъэшхуэ защlэкlэ нэхъыбэм хегъащlэ, топи 8-10 щахудигъэкl къэхъуу.**

ПРОХЛАДНЭДЭСХЭМ я хьэрхуэрэгъухэм топищ нэхъ мыхъуми худагъэкlыныр я мардэщ. Езыхэри дахэу мэджэгури, адрейхэми апхуэдэ lэмал ират. Арщхьэкlэ ар къызыхуэгъэсэбэпыр мащlэщ. Абы и щыхьэтщ блэкlа джэгугъуэ 11-м «Энергетик»-р 10 зэрыщытекlуар. Зэ закъуэщ, еханэ джэгугъуэм, я ныкъуэкъуэгъухэр щахухэмыгъэщlар икlи щэнейрэ нэхъ мыхъуми топ щахудэмыгъэкlар - Псынэдахэ щыlэу еханэ джэгугъуэм «Родник»-мрэ абырэ мамыру зэбгъэдэкlыжащ, 1:1-уэ.

Иужь зэlущlэхэм прохладнэдэсхэр хъийм икlыпащ. Шыщхьэуlум и 25-м Къэрэгъэш щыlэу абыхэм хэгъэрейхэм я гъуэм топи 10 дагъэкlащ. Къагъэзэжри, тхьэмахуэ махуэм, зэхьэзэхуэм щыпашэхэм ящыщ зы «Спартак-Д»-м и щхьэр кърагъэlэтакъым. Налшыкдэсхэм топи 8 здахьри ягъэзэжащ.

Апхуэдизрэ зи хьэрхуэрэгъухэм я жагъуэ зыщl «Энергетик»-м щыщщ, дауи, гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжыпэр щызыlыгъри. Ар мыгъэрей зэхьэзэхуэм пщыкlуплlрэ къыхэжаныкlа Иуан Азрэтщ. Иджыри къэс япэ къита «Урыхум» и гъуащхьауэ Тэнащ Инал прохладнэдэсхэм я пашэр иужь джэгугъуэхэм щхьэщыкlащ.

Икlэм-икlэжым зэхьэзэхуэм япэ текlуэныгъэр къыщихьащ Бабугент и «ЛогоВАЗ»-м. Епщlанэ джэгугъуэм Урыху икlахэм ар ерагъкlэ пэлъэщащ. Бабугентдэсхэм я закъуэт иджыри къэс текlуэныгъэм и lэфlагъыр зыхэзымыщlэу къэнэжар. Пэжщ, къыкlэлъыкlуэ джэгугъуэм ахэр аргуэру бжыгъэшхуэкlэ Джылахъстэнейм къыщыхагъэщlащ. Абы щхьэкlэ къэмынэу «ЛогоВАЗ»-м иужь дыдэ увыпlэр зэпеуэм щибгынащ.

Адэкlэ щыгъуазэ фыхуэтщlынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и чемпионатым и зи чэзу зэlущlэхэм къарикlуа бжыгъэхэм: епщlанэ джэгугъуэ - «**Къундетей**» (Шэджэм) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - **1:4**, «**ХьэтIохъущыкъуей**» (Хьэтlохъущыкъуей) - «**Малка**» (Малкэ) - **3:5**, «**Инал**» (Къэрэгъэш) - «**Энергетик**» (Прохладнэ) - **2:10**, «**Налшык**» (Налшык) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **1:1**, «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - «**Урыху**» (Урыху) – 2:1, «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**Бахъсэн**» (Бахъсэн) - **2:2**, «**Шэджэм-2**» (Шэджэм Етlуанэ) - «**Нарт**» (Нарткъалэ) - **0:0**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Шэрджэс**» (Шэджэм) - **4:1**; епщыкlузанэ джэгугъуэ - «**Тэрч**» - «**ЛогоВАЗ**» - **4:1**, «**Нарт**» - «**Шэрджэс**» - **3:2**, «**Бахъсэн**» - «**Шэджэм-2**» - **2:1**, «**Энергетик**» - «**Спартак-Д**» - **8:2**, «**Ислъэмей**» - «**Налшык**» - **0:2**, «**Инал**» - «**Малка**» - **4:3**, «**Родник**» - «**ХьэтIохъущыкъуей**» - **0:0**, «**Урыху**» - «**Къундетей**» - **3:0**.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2020 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | **«Энергетик»** | **11** | **10** | **1** | **0** | **60-17** | **31** |
| 2. | **«Родник»** | **10** | **7** | **3** | **0** | **32-13** | **24** |
| 3. | **«Тэрч»** | **11** | **7** | **2** | **2** | **25-9** | **23** |
| 4. | «Спартак-Д» | 10 | 6 | 1 | 3 | 34-21 | 19 |
| 5. | «ХьэтIохъущыкъуей» | 11 | 5 | 4 | 2 | 25-23 | 19 |
| 6. | «Бахъсэн» | 11 | 5 | 3 | 3 | 23-20 | 18 |
| 7. | «Налшык» | 10 | 5 | 2 | 3 | 19-16 | 17 |
| 8. | «Малка» | 11 | 4 | 3 | 4 | 32-31 | 15 |
| 9. | «Нарт» | 11 | 3 | 3 | 5 | 23-27 | 12 |
| 10. | «Урыху» | 11 | 3 | 2 | 6 | 28-32 | 11 |
| 11. | «Инал» | 11 | 3 | 2 | 6 | 25-40 | 11 |
| 12. | «Къундетей» | 11 | 3 | 1 | 7 | 14-32 | 10 |
| 13. | «Ислъэмей» | 10 | 2 | 4 | 4 | 21-27 | 10 |
| 14. | **«Шэджэм-2»** | **11** | **2** | **1** | **8** | **18-33** | **7** |
| 15. | **«ЛогоВАЗ»** | **11** | **1** | **4** | **6** | **17-40** | **7** |
| 16. | **«Шэрджэс»** | **11** | **1** | **2** | **8** | **21-36** | **5** |

*КъБР-м коронавирусым кIэлъыплъынымкIэ и Оперативнэ штабым къет*

## 2020 гъэм фокIадэм и 4-м ирихьэлIэу

Узыр япкърытрэ япкърымытрэ къахутэну тест зрагъэтахэм я бжыгъэр – 152.031-рэ

Сымаджэ хъуауэ ятхахэр - 6629-рэ

Иужьрей жэщ-махуэм къриубыдэу къахутахэр - 30

Сымаджэщхэм щIэлъхэр - 430-рэ

Реанимацэм щIэлъхэр - 23-рэ

Хъужахэр - 6155-рэ

Вирусым и зэранкIэ дунейм ехыжахэр - 79-рэ

# Мы махуэхэм

**ФокIадэм и 5,** *щэбэт*

♦**Псапэ щIэным и дунейпсо махуэщ**
♦**Индием щагъэлъапIэ егъэджакIуэм и махуэр**
♦**1666 гъэм** Лондон щагъэунклыфlащ махуищкlэ зыпэмылъэща мафlэсыр. Абы цlыху 16 хэкlуэдат, къалэм и ухуэныгъэхэм я lыхьэ щанэр - унэ минипщlым нэсыр - хисхьат.
♦**1698 гъэм** Петр Езанэм жьакlэ зытетхэм къуэды ятын зэрыхуейм теухуа унафэ къыдигъэкlащ.
♦**1827 гъэм** Урысейм Тенджыз lуэхухэмкlэ и министерствэр къызэрагъэпэщащ.
♦**1905 гъэм** Урысеймрэ Япониемрэ Портсмут (США) къалэм lэ щытрадзащ мамырыгъэ зэгурыlуэныгъэм, къэралитlым яку дэлъа зауэр (1904 - 1905 гъгъ.) зэриухам и щыхьэту. А дэфтэрым Урысейм и лъэныкъуэм щыщу lэ традзащ Министрхэм я комитетым и унафэщl Витте Сергей, имперdown и лlыкlуэу Америкэм щыlэ Розен Роман, Японием къыбгъэдэкlыу хамэ къэрал lуэхухэмкlэ и министр Комурэ Дзютарэ, Такахирэ Когорэ сымэ.
♦**1915 гъэм** император Николай Етlуанэм и пщэ дилъхьэжащ Япэ дунейпсо зауэм хэт Урысеидзэм и унафэр щlыныр.
♦**1936 гъэм** Бахъсэн ГЭС-р лажьэу яутlыпщащ.
♦**1941 гъэм**, фашистыдзэхэр къалащхьэм гъунэгъу къыхуэхъурти, Москва яужь щихьащ зи ныбжьыр илъэс 12 иримыкъуа сабийхэр къалэм дэгъэlэпхъукlыным.
♦**1941 гъэм** нэмыцэдзэхэм Эстонием и щlыналъэр зэрыщыту яубыдащ.
♦**1982 гъэм** япэ дыдэу Москва - Лос-Анджелес къалэхэр «телелъэмыж» жыхуаlэ lэмалымкlэ зэпащlащ.
♦**1997 гъэм** Москва къыщызэlуахащ Пётр Езанэм и фэеплъыр, скульптор Церетели Зураб ищlар. Фэеплъыр къызэlуахат Урысей флотыр, Пётр Езанэм къызэригъэпэщар, илъэс 300 щрикъум ирихьэлlэу.
♦**1997 гъэм** XXVIII Олимп Джэгухэр 2004 гъэм щекlуэкlыну къалэу ягъэуващ Алыджым и къалащхьэ Афины.
♦Урыс усакlуэ, тхакlуэ, драматург **Толстой Алексей** къызэралъхурэ илъэс 203-рэ ирокъу.
♦Усакlуэ, композитор, пшынауэ, уэрэджыlакlуэ, КъБР-м гъуазджэхэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ **Къэжэр Индрис** къызэралъхурэ илъэси 125-рэ ирокъу.
♦Совет космонавт, авиацэм и генерал-майор, Совет Союзым тlэунейрэ и Лlыхъужь, Терешковэ Валентинэ и щхьэгъусэу щыта **Николаев Андриян** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.
♦УФ-ми КъБР-ми щlыхь зиlэ я энергетик, жылагъуэ лэжьакlуэ **Къущхьэ Мухьэжид** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.
♦Инджылызым щыщ уэрэджыlакlуэ, музыкант, «Queen» гупым и солисту щыта **Меркьюри Фредди** къызэралъхурэ илъэс 74-рэ ирокъу.
♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакlуэ, УФ-м щэнхабзэмкlэ и министру щыта, Урысейм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Швыдкой Михаил** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.
♦Урысей актрисэ, УФ-м щlыхь зиlэ и артисткэ **Пересильд Юлие** и ныбжьыр илъэс 36-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык пшэр техьэ-текlыу щыщытынущ, пlалъэ-пlалъэкlэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 6,** *тхьэмахуэ*

♦**Щlыдагъэ, газ, гъэсыныпхъэ промышленностым и лэжьакlуэхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Болгариер щызэгухьэжа махуэщ**. 1885 гъэм Болгарие пащтыхьыгъуэм гухьэжащ Къуэкlыпlэ Румелие щlыналъэр.
♦**Пакистаным щагъэлъапlэ зыхъумэжыныгъэм и махуэр**
♦**Байкал гуэлым и махуэщ**
♦**Белоруссием и тхыбзэм и махуэщ**
♦**Австралием щагъэлъапlэ адэм и махуэр**
♦**1872 гъэм** Берлин щызэlущlащ императорищ: Вильгельм Езанэр (Германие), Франц-Иосиф Езанэр (Австро-Венгрие), Александр Етlуанэр (Урысей). Ахэр тепсэлъыхьащ я къэралхэм я зэхущытыкlэхэр егъэфlэкlуэным, я зэпыщlэныгъэхэр гъэбыдэным. Инджылыз-урысей зэхущытыкlэхэр зэрызэlыхьам къыхэкlыу, Урысейм дарэгъухэр къыщилъыхъуэн хуей хъуащ Германиемрэ Австро-Венгриемрэ я деж. Адрей къэралхэми я сэбэп зыхэлъхэр пхагъэкlын щхьэусыгъуэт абы къыкъуэувэныр къызыхэкlар.
♦**1936 гъэм** «СССР-м и цlыхубэ артист» цlэ лъапlэр ягъэуващ. Япэ дыдэу ар зыфlащахэм ящыщщ Немирович-Данченкэ Владимир, Станиславский Константин, Качалов Василий, Москвин Иван, Неждановэ Антонинэ сымэ. СССР-м и тхыдэм щыиужьрейуэ, 1991 гъэм, а цlэр хуагъэфэщауэ щытащ Пугачёвэ Аллэрэ Янковский Олегрэ.
♦**1939 гъэм** Ленинград, Райкин Аркадий и унафэщlу, къыщызэlуахащ эстрадэ миниатюрэхэм я къэрал театрыр.
♦**1939 гъэм** Налшык шыгъэжапlэ къыщызэlуахащ.
♦**1940 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ къыдигъэкlащ Къэрал кlэлъыплъыныгъэмкlэ лъэпкъ комиссариатыр къызэрызэрагъэпэщым теухуауэ.
♦**1942 гъэм** ВЛКСМ-м и обкомым Къэбэрдей-Балъкъэрым и щlалэгъуалэр къыхуриджащ нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакlуэхэм ялъэкl псомкlи япэщlэувэну.
♦**1947 гъэм** Москва къалэр илъэс 800 зэрырикъум и щlыхькlэ щыхьэрми абы и метроми Лениным и орденыр иратауэ щытащ.
♦**1955 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къищтащ «Ухуакlуэм и махуэр илъэс къэс гъэлъэпlэным теухуауэ» унафэр.
♦**1956 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ къищтащ Сталиным и цlэр зезыхьэ саугъэтхэр Лениным и цlэр зезыхьэ дунейпсо саугъэтхэу зэхъуэкlыным теухуауэ.
♦**1989 гъэм** парижэс мин 41-р къэзыгъэlуlэбжьа тхыгъэхэр яlэрыхьат - цlыху яукlауэ, яхъунщlауэ ягъэкъуаншэрт ахэр. Ар къызыхэкlар компьютерыр зэрыщыуарщ - гъуэгум зэрыщызекlуэ хабзэхэр къызэрызэпаудам къыхэкlыу къуэды зэрытралъхьэрт хъыбар зэрырагъащlэ тхылъхэм итын хуеяр.
♦**1991 гъэм** РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ къищтащ Ленинград къалэм и цlэр Санкт-Петербургыу, 1914 гъэ пщlондэ зэрихьамкlэ, зэхъуэкlыжыным теухуауэ. 1712 - 1728, 1732 - 1918 гъэхэм ар Урысейм и къалащхьэу щытащ.
♦**1991 гъэм** СССР-м и Къэрал советым къищтащ Эстоние, Латвие, Литва республикэхэр щхьэхуит зэрыхъум теухуа унафэ.
♦**2001 гъэм** Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэкlуащ.
♦Урысей пащтыхь, Пётр Езанэм и къуэш **Иван V** къызэралъхурэ илъэс 354-рэ ирокъу.
♦Совет Союзым и Лlыхъужь **Куэш Алий** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.
♦Дирижёр, композитор, СССР-м и цlыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и Лlыхъужь **Светланов Евгений** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.
♦УФ-м и Президентым экономикэ lуэхухэмкlэ и дэlэпыкъуэгъуу, къэралым финансхэмкlэ и министру, УФ-м и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэу щыта **Лившиц Александр** къызэралъхурэ илъэс 74-рэ ирокъу.
♦КъБР-м щlэныгъэ lуэхухэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ **Щэрдан Анатолий** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.
♦Экономикэ щlэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щlэныгъэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ **Жамбэч Розиттэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык пшэр техьэ-текlыу щыщытынущ, пlалъэ-пlалъэкlэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 7,** *блыщхьэ*

♦**Хьэуа къабзэм и дунейпсо махуэщ**
♦**lэщэхэм къытращlыкlа зэрыджэгу сабий хьэпшыпхэр гъэкlуэдыжыным и дунейпсо махуэщ**
♦**Бразилием и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**. 1822 гъэм къащтащ ар Португалием къызэрыхэкlым теухуа унафэ.
♦**1688 гъэм** Москва мафlэсышхуэ дыдэ къыщыхъуащ. Абы щlыпlэшхуэ иубыдат икlи члисэ 20-м щlигъурэ унэ лъапсэу миным нэблагъэрэ хисхьат.
♦**1812 гъэм** Хэку зауэм щыщ зэпэщlэтыныгъэ нэхъ гуащlэ дыдэр Бородино деж щекlуэкlащ. 19-нэ лlэщlыгъуэм и лъыгъажэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщу къалъыта а зауэм хэкlуэдащ урыс сэлэт мин 38-м щlигъурэ франджыхэм ящыщу мин 58-рэ.
♦**1856 гъэм** Александр Етlуанэр къэралым и император зэрыхъуам теухуа дауэдапщэхэр Москва щекlуэкlащ.
♦**1859 гъэм** генерал Барятинский Александр зи унафэщl дзэ гупым Гуниб жылэм къыщиухъуреихьри, Щамил lимамым зитын хуей хъуащ.
♦**1923 гъэм** Венэ щекlуэкlа дунейпсо конгрессым Интерполыр - уголовнэ полицэм и дунейпсо организацэр - къыщызэрагъэпэщащ.
♦**1928 гъэм** Гуащlэдэкl Бэракъ Плъыжь орденыр къащтащ.
♦**1945 гъэм** Берлин щекlуэкlащ Гитлер и бий коалицэм хэта къэралхэм - СССР-м, США-м, Инджылызым, Франджым - я армэхэм я парад.
♦**1947 гъэм** Москва къалэр илъэс 800 зэрырикъур ягъэлъэпlащ.
♦**2011 гъэм** Ярославль пэмыжыжьэу къыщехуэхащ Як-42 кхъухьлъатэр. Абы исахэм ящыщу къелар кхъухьлъатэм и радиоинженер Сизов Александр и закъуэщ. Цlыху 44-р, «Локомотив» хоккей командэри яхэту, хэкlуэдауэ щытащ.
♦Урысей тхакlуэ, драматург **Куприн Александр** къызэралъхурэ илъэси 150-рэ ирокъу.
♦Шэджэм щlыналъэ администрацэм и унафэщlу щыта **Ахъуэхъу Къанщобий** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.
♦«Урысейщlыдагъэ» къэрал компанием и президент **Сечин Игорь** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык пшэр техьэ-текlыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 23-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

## Бжьэ зэмыдзэкъам фом и уасэр ищIэркъым.

● Жыжьэ - гъунэгъу

# Хьэхъупащ1э Хьэжбэчыр и гукъэкIыжхэр

*Гур зыхуеIэм лъэр лъоIэс*

***Адыгэхэм ди щэнхабзэм, макъамэ гъуазджэм зэгъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа цIыхущ Хьэхъупащ1э Хьэжбэчыр Хьэбалэ и къуэр.***

***Ар 1926 гъэм щIышылэм и 21-м Кэнжэ къуажэм къыщалъхуащ. Ехъулlэныгъэ иIэу къуажэ школыр къиуха нэужь Хьэжбэчыр республикэм къыщыдэкI «Къэбэрдей пэж» газетым, радиом щылэжьащ.***

***«Гур зыхуеIэм лъэр лъоIэс», жеIэ адыгэ псалъэжьым. Ар зэрыпэжыр щынэрылъагъущ Хьэхъупащ1эм и гъащIэм. ЩIалэ набдзэгубдзаплъэр, хэлъэт зиIэр щIэныгъэм хуэпабгъэрти, абы къехъулIащ и къэупсэлIэр - Ленинград къалэм дэт консерваторэр щытхъу иIэу къиухащ. Игъуэта щIэныгъэфIри абы нэсу къыхуигъэсэбэпащ къыщалъхуа хэкум и зыужьыныгъэм. Нобэми Хьэжбэчыр фIыкIэ ягу къыщIагъэкIыж Iуэхуфlхэм ящыщщ республикэм и къэрал филармонием и лэжьыгъэр зэтеухуэным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIар, тхылъ куцIафIэхэр и къалэмыпэм къызэрыщIэкIар.***

***И къару емыблэжу зэрылэжьар гулъытэншэу къэнакъым - Хьэхъупащ1эм къэрал дамыгъэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ. И гуащIэм къыпэкIуа фIыщIэхэм ящыщщ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ», «Урысей Федерацэм гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтыр.***

***Хьэхъупащ1э Хьэжбэчыр 2000 гъэм дыгъэгъазэм и 11-м дунейм ехыжащ икIи къыщалъхуа Кэнжэ къуажэм щыщIалъхьэжащ.***



## УкIытэ зыхэлъ лъэпкъ

НОБЭМИ срогушхуэ а зэманым, 1943 гъэм, эвакуацэм къикIыжу и хэку Адыгейм зыгъэзэжу гъуэгу тету Налшык къыщызэтеувыIа адыгэ тхакIуэшхуэ КIэрашэ Тембот къэсцIыхуауэ зэрыщытам.

Ар Теунэ Хьэчим и ныбжьэгъуфIти, тхьэмахуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу радиом накIуэрт. Хьэчим и фIыгъэкIэ абырэ сэрэ дызэрыцIыхуат. Си дежкIэ ар щIыхьышхуэт - апхуэдэ тхакIуэшхуэм ухуззэныр, уепсэлъэныр. Абы къыщымыну, АбытIэ Мухьэб, КIэрашэ Тембот, сэ мазибгъум нэсыхукIэ зы пэшым дыщыпсэуащ, Бахъсэн уэрамкIэ зэджэу щытам тет унэм дыщIэсу.

КIэрашэ Тембот и сэбэп зэкIэхэм ящыщщ драматург щIалэщIэ Акъсырэ Залымхъан. Абы и «Дахэнагъуэ» пьесэр дунейм къытехьэным и псалъэ хилъхьауэ щытащ Тембот - Акъсырэм адыгэбзэфI иIэщ, ар драматургием хуэIэкIуэлъакIуэщ жиIат.

Тембот и гъусэу радиом сыкъыщикIыжкIэ абы сишэрт и бысым АбытIэ Мухьэб деж.

Дыпсалъэу дыщысурэ пшапэр зэхэуэмэ е дунейр къызэIыхьэмэ, Кэнжэ самыгъэкIуэжу сыкъагъанэрти, я шэнтжьеижьым силът. А зэманым гъэсыныр гъуэтыгъуафIэтэкъыми, си къуэшыр си гъусэу пхъэ къута гулъэхэр къасшэрт Мухьэб деж.

Тембот, Мухьэб, сэ тыншу дызэгурыIуэрт - ди Iуэху еплъыкIэхэмкIэ дызэхъуажэрт, дызэдэпщафIэрт, дызэдэшхэрт. КарточкэкIэ къыдат IэфIыкIэхэмрэ ди щIакхъуэ Iыхьэхэмри зэхэлъу дыпсэурт.

А зэманым цIыху куэд фэтэр хуэныкъуэти, Iэмал тIэкIуниIэ зиIэу къалъытэм зыгуэр гъусэ хуащIырт. ЩIалэ фызкъэмышэ АбытIэ Мухьэб фэтэрщIэсу дэ нэхърэ нэхъыфI имыгъуэтыну къэтлъытэжу дыхуэхьэщIэрт.

АбытIэ Мухьэб гушыIэурэ жиIэн фIэфIт: «КIэрашэ Тембот и артелым хэтхэм хэт гъэсын егъэхьэзыр, хэт карточкэхэмкIэ къыдатыну фошыгъур, щIакхъуэр къыIех, хэти мэпщафIэ».

ПщыхьэщхьэкIэрэ дызэхэтIысхьэрти, Iэджэм дытепсэлъыхьырт. АбытIэр тегузэвыхьырт адыгэбзэ грамматикэр тхыныр, ар къыдагъэкIыныр кIыхьлIыхь зэрыхъум. КIэрашэ Тембот зэхуихьэсырт хъыбархэр - партизанхэм яхэта Жанкъазий Софият теухуа повестым къыщигъэсэбэпынур. А повестым щыщ пычыгъуэхэр газетым трыригъэдзат. Сэ усэхэр стхырт, абыхэм радиокIэ сыкъеджэрт. А зэманым щIызодзэ гушыIэ поэмэ стхыну, «Iей пщIауэ фIым ущымыгугъ» фIэсщауэ. Абы селэжьащ маззэ зыбжанэкIэ, икIэм-икIэжым, 1944 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм газетым къытрадзэ.

Зэгуэрым, радиом сыщымылэжьэжу, главлитым политредактору сагъакIуэ, адыгэбзэкIэ къыдэкIхэм сакIэлъыплъу. ТхакIуэхэм я союзым сыщIохьэ махуэ гуэрым. Абы и тхьэмадэ Отаров Керим къызжеIэ:

- Хьэжбэчыр, Мэзкуу къикIри тхакIуитI къагъэкIуащ, ди Союзым и лэжьыгъэр зыхуэдэр зрагъэщIэну, къыддэIэпыкъуну. Зыр Зенкевич Михаилщ - усакIуэщ икIи нэгъуэщI лъэпкъхэм я усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр урысыбзэкIэ зэредзэкI. Абы и усэхэр ихуащ Мэзкуу 1936 гъэм урысыбзэкIэ къыщыдэкIа тхылъым. Мурад иIэщ ди усакIуэхэм я къалэмыпэм къыщIэкIахэр урысыбзэкIэ зэридзэкIыну, подстрочникхэр иIэмэ. ЕтIуанэр рассказ кIэщIхэр зытх, очерк дэгъуэхэр «Известия» газетым къытригъадзэу абы щылажьэ тхакIуэ Левин Кириллщ. Ахэр хуейщ тхылъеджэхэм дащыIущIэну литературэ пщыхьэщхьэ гъатхэпэм и 5-м къызэдгъэпэщыну. СолъэIунут Алъхъэс Мартин къэбгъуэту а пщыхьэщхьэм къебгъэблэгъэну.

1944 гъэм гъатхэпэм и 5-м Промкооперацэм и клубым, Хэку зауэшхуэм зэрыщIидзэрэ япэу, литературэ пшыхь щокIуэкI, къэбэрдей, балъкъэр, урыс тхакIуэхэр хэту.

ЯпэщIыкIэ шэч къытетхьащ литературэ пщыхьэщхьэм цIыху къекIуэлIэным, сыту жыпIэмэ зауэр иджыри иухатэкъым, къалэм дэсхэм я нэхъыбэр лэжьыгъэ нэужьым кIуэрт зэхэкъута унэхэр зэфIагъэувэжыну.

АрщхьэкIэ, пщыхьэщхьэм щыщIидзэну зэманыр къыщысым наIуэ къэхъуащ дыщIэгузэвэн зэрыщымыIэр. Пщыхьэщхьэр сыхьэтиблым ирихьэлIэу клубым щIэзу цIыхухэр къызэхуос.

Клубым и сценэм япэщIыкIэ къохьэ ди хьэщIэхэр - Зенкевич Михаилрэ Левин Кириллрэ. Абыхэм я ужь итщ Отаров Керим, КIэрашэ Тембот, Кациев Хьэбу, Щомахуэ Амырхъан, Теунэ Хьэчим, Алъхъэс Мартин сымэ, сэри сахэтщ.

Къызэхуэсахэм Отаров Керим ехъуэхъуащ, иужькIэ я усэхэм, я повестхэмрэ рассказхэмрэ щыщ пычыгъуэхэм къеджащ Зенкевич Михаил, КIэрашэ Тембот, Теунэ Хьэчим, Левин Кирилл сымэ. Залым щIэсэр гуапэу IущIащ КIэрашэ Тембот ди партизанхэм ятеухуауэ итха повестым щыщ Iыхьэм.

КъыкIэрыхуами, а пщыхьэщхьэм зынигъэхьэлIат АбытIэ Мухьэби. Ар адыгэбзэ кафедрэм и егъэджакIуэхэм я зэIущIэм хэтати арат щIэгувар. НыщIэхьа нэужь, сценэм исхэм ари къытхагъэтIысхьэри, зэIущIэм пащэжащ.

Пщыхьэщхьэр дэгъуэу екIуэкIащ, усэхэр адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ щыIуу.

Унэм къэдгъэзэжа нэужь, пщыхьэщхьэр зэрекIуэкIам и гугъу тщIыуэ куэдрэ дысыжащ. Апхуэдэ Iуэхум къыдэкIуэу шэч къытетхьэртэкъым щыми.

ЕтIуанэ махуэм шэджагъуэм унэм декIуэлIэжауэ Мухьэб жеIэ:

- Хьэжбэчыррэ Темботрэ фыкIуи, карточкэкIэ къыдатыну крупамрэ лымрэ къеIыфх, сэ кIэртIоф сукъэбзынщ, хьэкум мафIэ исщIэнщ фыкъэсыжыху. Пщыхьэщхьэшхэ екIу тщIынщ, лырэ кIэртIофрэ гъэжьауэ зэщIэлъу.

Тембот сэрэ докIуэ карточкэкIэ ерыскъы къыщыдат тыкуэным. А тыкуэныр литературэ пщыхьэщхьэр щедгъэкIуэкIа, Промкооперацэм и клубым и лъабжьэм щIэтт. Дынэсмэ, тыкуэным цIыху куэд щIэтт ерыскъы къыIахыу. Сэ сыIуохьэ лыр щащэ щIыпIэм. Абдежи цIыхур щыIувщ. Сыплъэмэ, лыр зыщэ цIыхубзым Iэ къысхуещI:

- Гъунэгъуу къакIуэт, - жиIэу.

СыкIуатэмэ, абы къызжеIэ: «Лыр духынущ, моуэ фыкъэкIуатэ». Сэ, Тембот гъусэ сощIри, нэхъ гъунэгъу зыхудощI лыр щашэч тэрэзэр зытет стIолым.

Чэзум хэтхэр къыдоплъ. Абыхэм зыри жаIэркъым, ауэ сэ япэкIэ сызэрыкIуатэр зылъэгъуа цIыхубз гуэрым зыкъытхуегъазэ: «Дыгъуэпшыхь арэзы дыкъэфщIащ. Дэгъуэу усэм укъеджащ, уи гъусэр къызэджари дигу ирихьащ». Фызым и псалъэр зэхэзыха Тембот зыфIимыгъэIуэху-зыфIимыгъэIуэхуурэ си гъунэгъу зыкъещI: «Хьэжбэчыр, ныхэкI мыбы. НакIуэ». Сэ ар сымыдэну сыхэтщ, ауэ Тембот: «Зэхэпха а фызым и псалъэхэр? Абы къуиIуэкIар къыбгурыIуа?» - жеIэри, чэзум хуэмурэ сыкъыхеш. Зыри жызимыгъэIэу сыкъешэж. ДыкъызэрыщIыхьэжу, кIэртIоф зыукъэбзу щыс Мухьэб: «ИIэт, Хьэжбэчыр, лыр тхьэщIи, цIыкIу-цIыкIуурэ упщIатэт. Иджыпсту кIэртIоф жьэрыкуей тшхынкъэ, лы гъэжьар абы хэлъу», - жеIэ.

Къэхъуар Тембот абы жреIэж. Щыми зы псалъэ жыдмыIэу дошх плъыжьу гъэжьа кIэртIофыр.

Абы и ужькIэ илъэс Iэджэ дэкIауэ, 1967 гъэм, Мейкъуапэ сыкIуащ литературэмрэ искусствэмрэ я декадэу Октябрь махуэшхуэр илъэс 50 зэрырикъум и щIыхькIэ Кавказ Ищхъэрэм и автономнэ республикэхэм щрагъэкIуэкIынум и Iуэху зесхуэу. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Адыгейм щригъэкIуэкIыну декадэр щыщыIэну махуэхэмкIэ абы и унафэщIхэм сагурыIуэн хуейуэ арат. Сэ сыщыIащ КультурэмкIэ управленэм. СыIущIащ абы и унафэщI адыгэ щIалэ екIу Понэжь Руслан. Абы сешэ облисполкомым и Iэтащхьэ Хьэтыкъуейм деж, иужькIэ партым и обкомым и япэ секретарь Бэрзэдж Нухь дыIуощIэ.

А псори сыхьэтитIым кърихубыдэу зэфIокI.

Ахэр зэфIэдгъэхьа нэужь КIэрашэ Тембот деж телефонкIэ сопсалъэ, и узыншагъэр зыхуэдэр къэсщIэну.

Абы къызжеIэ:

- Сыт, си дежкIэ укъыщIыхьэнукъэ? Сыкъэплъагъунукъэ?

- Iэмал имыIэу сыныщIыхьэнущ икIи услъагъунущ.

- АтIэ, иджыпсту сыхьэт пщыкIутI хъуауэ аркъудейщ. СыхьэтитIым укъыщIыхьэфын?

- СынысщIыхьэнщ, - жызоIэ.

ТелефонымкIэ Тембот сызэрепсэлъар зэхэзыха Понэж Руслани жеIэ:

- Сэри сынэкIуэнт. ЗыкъомыфI щIауэ Тембот слъэгъуакъым.

СыхьэтитIыр къос, ауэ Понэжым Iуэху гуэр къылъыкъуэкIри, си гъусэу нэкIуэфакъым.

Тембот деж дакъикъипщI хуэдэкIэ сынос. ЩэнхабзэмкIэ управленэр КIэрашэр зыщIэс унэм пэжыжьэтэкъым.

Тембот и щхьэгъусэ Зузэ гуфIэжу бжэр къыIуех.

- Хэт ар? Хьэжбэчыр къэса? - пэшым Тембот и макъыр къыщIоIукI.

- Къэсащ.

Пэшышхуэм сыщIохьэ. Тембот гъэмахуэ джанэ къуэлэныр щыгъыу диваным исщ. Диваным и бгъумкIэ стIол лъахъшэ кIыхь цIыкIу щытщ, шхынхэр тету. Дауи, Тембот шэджагъуашхэ сигъэщIыну аращ.

Зузэ Iэнэр мыгувэу ди пащхьэм кърегъэувэ.

Тепщэч куум изу, бахъейр къыщхьэщихыу, мэлыл гъэвар къытрегъэувэ. Бжьыныху шыпсри къехь.

Тембот увыIэгъуэ имыIэу къыщIоупщIэ и цIыхугъэхэу, и ныбжьэгъухэу КъэбэрдеймкIэ щыIэхэм, декадэм хэт сымэ хэтынуми зрегъащIэ. Сэ си гурыIупсыр къожэ, сигукIи жызоIэ: «СтIолым тетхэр упщIыIужынущ». Ауэ Тембот шхыным хэIэбэну пIащIэркъым. Апхуэдэурэ зы дакъикъипщI-пщыкIутIкIэ дыщысащ. Лыми бахъэ щIагъуэ къыхихужыркъым.

- АтIэ, - жеIэ Тембот. - ДыхэIэбэнщ.

Абы зегъэхьэзыр лыр зэрылъ тепшэчымкIэ Iэбэну, ауэ къызэтоувыIэри зыкъысхуегъазэ:

- ПщIэжрэ, Хьэжбэчыр, илъэс тIощIырыпщI япэкIэ, Мухьэб, уэ, сэ лыншэу дыкъэнауэ зэрыщытар. Чэзум укъыхэсшыжу зыри дымыIыгъыу дыкъэкIуэжауэ зэрыщытар.

А дакъикъэхэр си гум къокIыж.

Тембот шхэн щIедзэ. Абы хуэмурэ къызжеIэ:

- Адыгэхэм лIыгъи тхэлъу, Iуэхушхуи зэфIэдгъэкIыу, зауэлI хахуэуи дыщытащ. Хьэл-щэныфI куэди тхэлъащ, тхэлъщ, ауэ а псом ящхьэу дэ адыгэхэр адрейхэм дефIэкIыу зы хьэл диIащ - укIытэшхуэ тхэлъащ. ЦIыхум, лъэпкъым укIытэ хэлъмэ, ар къулеигъэу щыIэ псом я нэхъ инщ, я нэхъ лъапIэщ.

ИужькIэ ар къызоплъ, а псалъэхэр къызэрысщыхъуар зригъащIэу.

Дауи, адыгэхэр укIытэ зыхэлъ лъэпкъщ.

### Ленинград

ГАЗЕТЫМ къытрадзэ тхыгъэхэм хэтщ Къэбэрдей опернэ студием щеджэну Ленинград ягъакIуэ щIалэгъуалэм ятеухуахэр, абыхэм я сурэтхэр.

Зауэ нэужьым и япэ илъэсхэр гугъуу, уэгъуу щыт пэтми, цIыхухэм я нэгум нэщхъыфIагъэрэ ерыщагъэрэт иплъагъуэр. Абыхэм гузэвэгъуэ яIэу хэпщIыкIыртэкъым. ГъэщIэгъуэнкъэ, цIыхухэр япэкIэ плъэуэ, лажьэу, бийм зэтрикъута лъапсэхэр зэфIагъэувэжырт. Абыхэм псоми хьэкъыу я фIэщ хъурт гъащIэр нобэ нэхърэ пщэдей нэхъыфI зэрыхъунур. Апхуэдэ гугъэм ирипсэурт, абы хуэлажьэрт.

Махуэ гуэрым адыгэ газетым и редакцэм къыщIохьэ сэ зыкъом щIауэ фIыуэ сцIыху, си ныбжьэгъу КхъуэIуфэ Хьэжбат. Ар иджы ИскусствэмкIэ управленэм и унафэщIым и къуэдзэт.

Опернэ студием щеджэнухэр Ленинград ишэри къигъэзэжат. Иджы абы и къалэныр нэгъуэщIт - еджакIуэхэм ящхьэщытын хуей унафэщIу ар ягъэуват, мыгувэуи Ленинград игъэзэжынут.

Студием щеджэну кIуахэм яIэ щытыкIэхэр, абыхэм консерваторием и егъэджакIуэхэр къазэрыIущIам и гугъу ищIыжырт.



**Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэхэр Къэрэшей-Шэрджэсым щохьэщIэ**. *1965 гъэ*

КхъуэIуфэ Хьэжбат хэтт сэ сыкъытригъэхьэу студием еджакIуэ сишэну. Хуэмхуэмурэ си щхьэм щотIыгъуэ студием кIуэныр. Япэрауэ, сэ фIыуэ слъагъу литературэм сыхуеджэну Iэмал згъуэтырт, абы ищIыIужкIэ театрым, музыкэм зыубгъуауэ нэIуасэ сыхуэхъунут.

1947 гъэм сыпэплъэрт, сыщыгугъырт си гъащIэм зэхъуэкIыныгъэхэр къыхуихьыну.

***

КЪЭБЭРДЕЙ оперэ студием щеджэну студентхэр къыхэзыхыну комиссэ Ленинград къокIри 1947 гъэм бадзэуэгъуэм и кIэм Налшык къокIуэ. Япэми хуэдэу, а комиссэм и унафэщIт урыс цIыхубз уэрэджыIакIуэ, Европэм и опернэ сценэхэр зыгъэдахэу щыта Павловская - Боровик Верэ Илья и пхъур. Ар консерваторием и доцентт, уэрэд жыIэным хуегъэсэнымкIэ факультетым и унафэщIт. Абы и гъусэт консерваторием и унафэщIым и къуэдзэ, доцент Бурлаков Б. Н., музыкэм и теорием хуезыгъаджэ Киссельман С. С. сымэ.

Бадзэуэгъуэм и 25-м къыщыщIэдзауэ шыщхьэуIум и 15-м нэсыху щIалэгъуалэу щэм нэблэгъэным йодаIуэ комиссэм хэтхэр. Студием щеджэну аргуэру цIыху пщыкIутху къыхах.

КхъуэIуфэ Хьэжбат Ерчэн Леонидрэ сэрэ дыкъытригъэхьэн хузэфIокI студием дыкIуэну.

Сэ мурад сщIар Теунэ Хьэчим щызэхихым, гуфIэу къыздиIыгъащ.

Зи щхьэм чэтэн теубгъуа «Форд» машинэмкIэ шыщхьэуIум и 28-м Налшык драшри, Минводы гъущI гъуэгу станцым дашэ, «Кисловодск - Ленинград» мафIэгумкIэ драгъэжьэну.

Дежьэным и пэ къихуэу ди лъакъуэм къыщыщIэдзауэ ди щхьэм нэсыху дахуапэ ди республикэм и Правительствэм и унафэкIэ. КъыжыIэпхъэщ а гъэхэм ди студием щеджахэм хуэдэу хуэщIауэ хуэпа консерваторием зэрыщымыIар.

ФокIадэм и 1-м консерваторием дашэ.

Студием кIуахэм къыхаха IэщIагъэмкIэ езыгъэджэнухэм ирагъэбыдылIащ япэрей махуитI-щым. Консерваторием и унафэщIхэм егъэджакIуэ цIэрыIуэхэр кърапхащ ди деж икIахэм. Къетыкъуэ Верэ доцент Пядищевэ Ольгэ Павел и пхъум деж щоджэ, Кашеваровэ Ольгэ Афанасий и пхъум деж - Къасым Иринэ, Къуэдзокъуэ Владимир профессор Ольховский Е. Г. ират, Ерчэн Леонидрэ сэрэ режиссурэм дыщыхуоджэ профессорхэу Макарьев Леонид Фёдор и къуэм, Гликман Павел Иван и къуэм, Товстоногов Георгий Александр и къуэм я деж.

КIэщIу жыпIэмэ, Къэбэрдей опернэ студием щеджэхэм я пхъэр къикIащ. Псоми къехъулIащ урыс макъамэ культурэм и цIыхушхуэхэм дерс къыIахыну, абыхэм я деж щеджэну.

Илъэс ныкъуэ нэхъ дэмыкIыу дэ зыщыдогъэгъуазэ Шуберт и «Музыкальный момент» пьесэм, Глинкэ и «Русланрэ Людмилэрэ» оперэм щыщ пычыгъуэхэм. Музыкэм и тхыдэм дыхуезыгъэджа Зарицкая Розалие Исаак и пхъум композиторхэм я гугъу къытхуищIу, музыкальнэ произведенэхэр зэрызэхэлъыр къыджиIэу дригъаджэрт, Ленинград дэт опернэ театрхэм дишэрт. Филармонием и залым дыщедаIуэрт дуней псом щыцIэрыIуэ Ленинград филармонием и симфоние оркестрым дирижёр цIэрыIуэ Мравинский Евгений Александр и къуэм и унафэм щIэту ит концертхэм. Оперхэм дедэIуэну дэ дыкIуэрт консерваторием и опернэ студием.

Япэ илъэсри абы къыкэлъыкIуэри дэгъуэу екIуэкIащ. Къэбэрдей опернэ студием щеджэхэм ятеухуа фIыщIэ тхыгъэхэр консерваторием и унафэщIхэм къагъэхьри, ди газетхэм къытрадзауэ щытащ 1947 гъэм.

Зы илъэс фIэкIа оперэ студием дыщIэмысауэ, сэрэ Ерчэн Леонидрэ консерваторием и оперэ-режиссер факультетым дыщеджэну дащтэ. Дэ тIум дежкIэ ар щIыхьт, ауэ щхьэкъэIэт димыIэу жэщи махуи деджэн хуейт.

***

1948 ГЪЭМ и гъэмахуэ зыгъэпсэхугъэм Ленинград сыкъикIыжри Налшык сыкъэкIуэжауэ ТхакIуэхэм я союзым сыщIохьэ, Теунэ Хьэчим слъагъунщ жызоIэри.

Хьэчим си Iуэху зытетым, сызэреджэм и гугъу хузощI. Ар си гъащIэм, сызыхуей сытхэмкIэ къызоупщI, усэ тхыныр щызгъэтарэ иджыри сытхэрэ зрегъащIэ. Теунэм жызоIэ литературэм нэхъ сегугъу зэрыхъуар икIи усэ Iэрамэ зэрыстхар.

- АтIэ, абы щыгъуэм, уи усэ зытхух подстрочник щIыи, къэхь. Налшык къедгъэблэгъауэ щыIэщ Мэзкуу дэт Литературэ институтым и иужьрей курсым щеджэхэу Гребнев Наумрэ Козловский Яковрэ. Абыхэм адыгэ усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр урысыбзэкIэ зэрадзэкIауэ тхылъ къыдагъэкIыну я гугъэщ.

ЕтIуанэ махуэм усиплI хузохь, подстрочник сщIауэ. Абыхэм Теунэр йоплъ икIи къызжеIэ: «Гребневымрэ Козловскэмрэ Долинск, «Маяк» зыгъэпсэхупIэ унэм щыIэщи, абыхэм я деж кIуэ, зэгъэцIыху икIи мы запискэри ятыж».

«Маяк»-р здэщытыр фIыуэ сцIыхурти, занщIэу къызогъуэт. СыщIоупщIэ сызыхуэкIуахэр здэщыIэмкIэ. Ахэр шхакIуэ щыIэти, тIэкIурэ сапэплъауэ къагъэзэж. ЩIалэхэм сэрэ нэIуасэ, ныбжьэгъу дызэхуохъу.

Гребневымрэ Козловскэмрэ зэрадзэкIа, къэбэрдей усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса тхылъыр 1949 гъэм урысыбзэкIэ къыдокI. Ар къэбэрдей усакIуэхэм я къалэмыпэм къыщIэкIахэр иту япэ дыдэу урысыбзэкIэ къыдэкIа тхылът икIи фIы хъуауэ къалъытащ. 1949 гъэм дыгъэгъазэ мазэм и 5-м къыдэкIа «Правда» газетым къытехуауэ щытащ Панков В. и рецензэ, а тхылъым щытхъуу. Абы ит усэхэм ящыщу нэхъыфI хъуауэ рецензентым къигъэлъэгъуахэм ящыщт КIуащ БеталI и усэ «Индыл» жыхуиIэмрэ сэ стха «Кремлым и вагъуэхэр» жыхуиIэмрэ. А зэманым партым къыдигъэкI «Правда» газетым фIыкIэ уи цIэ кърииIуэныр икъукIэ гулъытэшхуэт икIи пщIэшхуэт.

*(КъыкIэлъыкIуэнущ).*

● Тхыдэ





# Щыпсэурт убыххэр Хостэ, Мзымтэ, Сочэ псыхъуэхэм

**Илъэсищэм щIигъукIэ екIуэкIа Кавказ зауэм кIэ щигъуэтар убых щIыналъэрщ - 1864 гъэм накъыгъэ мазэм и 21-м. Абы и ужькIэ убыххэр Тыркум Iэпхъуащ, унагъуэ зыбгъупщI нэхъыбэ къинакъым ахэр игъащIэ лъандэрэ зэрыса я хэкум. Хы Iуфэм къыщыщIэдзауэ бгыщхьэм нэс Сочэ, Мзымтэ, Хостэ псыхъуэхэм дэсащ убыххэр - абхъазхэмрэ шапсыгъхэмрэ я зэхуаку. ЩIэныгъэлIхэм я нэхъыбэм зэралъытэмкIэ, убыххэр мин 90 хуэдиз хъууэ щытащ - Кавказ зауэм и ужькIэ мин 70 Iэпхъуащ Тыркум, зауэм хэкIуэдам я бжыгъэм и гугъу умыщIми. Тыркум Iэпхъуэри, куэд яхьыжакъым убыххэм: гъунэгъу зыхуэхъуахэм, адыгэхэм яхэшыпсыхьыжащ - абыкIэ «сэбэп» хъуагъэнущ убыххэм я анэдэлъхубзэм нэмыщI, адыгэбзи ящIэу зэрыщытар. Тыркум нобэ ущрохьэлIэ убых зыдэс жылагъуэ цIыкIу зыбжанэ, ауэ абыхэм щыпсэухэм зэрыубыхыр ящIэж фIэкIа, я анэдэлъхубзэкIэ псалъэр мащIэ дыдэщ.**

ЛЪЭПКЪ щхьэхуэми убыххэр я хабзэкIи, я щэнхабзэкIи, я псэукIэкIи адыгэхэм къазэрыщхьэщыкI щыIакъым.

Кавказ зауэм хэджэразэри, я щхьэр халъхьэху, Iэщэр ягъэтIылъакъым убыххэм. Я тхьэмадэхэм - Бэрзэдж Джырандыкъуэ, Бабыкъу, Дзэпщ, Бэрэкъей Исмэхьил сымэ - зэщIагъэшасэурэ, убыххэм я лъэпкъыр насыпыншагъэм, лъэпкъгъэкIуэдым хуашащ. Шапсыгъхэм, абазэхэхэм, натхъуэджхэм Iэщэр ягъэтIылъа нэужьи мафIэм икIэм-икIэжым къыхэкIакъым убыххэр, а мафIэм хисхьэжащ езыхэри ...

Кавказ зауэр и кIэм нэблэгъауэ, 1864 гъэм и гъатхэм, убыххэр къиувыхьауэ щытащ генерал Гейман зи пашэ дзэм. Абы и хъыбар итхыжащ подполковник Эсадзе Семен («Покорение Западного Кавказа и окончание Кавказской войны». Мейкъуапэ, «Меоты» тхылъ тедзапIэ, 1993):

«Гупищ зращIыкIри, хы Iуфэм Iутурэ, дзэр гъатхэпэм и 5-м (1864 гъэм) Лазарев фортым нэсащ. Абдеж щыщIадзэн хуейт убыххэм ебгъэрыкIуэн.

Убых тхьэмадэхэм щыщу абы щыгъуэ нэхъ пщIэ зиIар Бэрзэджхэ Дэгумыокъуэ, Джырандыкъуэ, Бабыкъу Алим-Джэрий, Хьэпакъ Елбэз, Дзэпщ Бэрэкъей Исмэхьил сымэт. ЦIыху къулейт ахэр, Бэрэкъейм Тыркум благъэ щикуэдт, убыххэр европей къэралхэм щигъэгугъ зэпытт. Аращ европей хьэгъапхъэхэр убыхыщIым къизышар. Джырандыкъуэ-хьэжыр дзэпщ цIэрыIуэт, абазэхэхэм, убыххэм, шапсыгъхэм я дзэхэм пашэ яхуэхъурейуэ щытат.

А махуэ дыдэм генерал Гейман убыххэм яхуитхащ: «Фэ фIыуэ фощIэ абазэхэхэмрэ шапсыгъхэмрэ Iэщэр ягъэтIылъауэ Тыркум зэрыIэпхъуэр; ди IэмыщIэ зыкъизылъхьахэм Лабэрэ Псыжь Iуфэрэ щIы щадот. Фи закъуэщ къэнар, убыххэ. Фхудимурадым фыхуеймэ, мыращ фпэдубыдыр: гъэр фщIа урысхэр икIэщIыпIэкIэ къыдэфтыжынщ. Тыркум Iэпхъуэн зи щIасэхэр, пIалъэ къыхэвмыгъэкIыу, бгым фыкъикIынщи, Шахэ, Уэрданэ, Сочэ псыхэр хым щыхэхуэм деж фыщызэхуэсынщ, абдежым тырку кхъухьхэр къекIуэлIэнущи, фи гъуэгур занщIэщ. Ди IэмыщIэ зыкъизылъхьэхэр Псыжь дгъэIэпхъуэнущ. ЦIыху губзыгъэ къызэрыфхэтыр сощIэ, зывмыгъэунэхъуж, абазэхэхэм къащыщIарщ фэри къыфпэплъэр. Фэращ абазэхэхэр, къызэщIэвгъаплъэурэ, зыгъэунэхъуар. ФыкъыдэмыдаIуэмэ, фыкъэдувыхьынурэ, бгым фыкъитхунущ, фи пщылIхэр къыфтетхынурэ, Iузэв тенджызым и Iуфэм фыIудгуэнущ».

Абы игъэшынагъэнущ убыххэр. ЕтIуанэ махуэм убых тхьэмадэхэр къэкIуащ генералым деж, ахэр цIыху пщыкIутI хъурт, Бэрзэдж Елбэз я пашэу; Бабыкъу Хьэжыри ящIыгъут абыхэм. Гейман хъыбар къызэрырагъэщIамкIэ, затын щхьэкIэтэкъым ахэр къыщIежьар, урыс дзэпщым епсэлъэн папщIэт.

- СлIо, убыххэ? - япежьащ Гейман абыхэм. - Щхьэ фыкъэкIуа? Дэнэ щыIэ Iэджэ щIауэ фызыпэплъэ европейхэр? Къыфхуашакъэ топрэ топышэрэ? Фи дзейхэм утыкум фыкъэрана?

- Ди щхьэм фIэкI, нэгъуэщIым дыщыгугъ зэрымыхъунур ди фIэщ хъуащ, - жаIащ убых тхьэмадэхэм. - утыкум дыкъранар пэжщ, я щIыб къытхуагъэзэжащ псоми. Ауэ дэ дылъэпкъщ иджыри, ди щхьэ дыхуитщ, дывэпсэлъэн щхьэкIэщ дыкъыщIэкIуар, дызыщIэлъэIур ыжетIэнщ.

- Фэра къыдэпсэлъэнур? Убыххэра? Фыкъыдэзауи, дефхужьэж. Фэ фылъэщщ, ар фхузэфIэкIынущ.

- ТхузэфIэкIыжынукъым. Ди щхьэр хэтлъхьэху, дывэзэуэфынущ - абы щхьэкIэ дыкъикIуэтынукъым. Удын фэддзыфынущ, ауэ дэри дыхэкIуэдэнущ. А псом дыхэмытын щхьэкIэ, дызэвгъэпсалъи, дызэгурывгъаIуэ. Мазищ пIалъэщ дызыщIэлъэIур: Тыркум дыIэпхъуэнущ псори. Сымаджэ, уIэгъэ диIэщ, нэхъыбэр бгым исщ, хым пэжыжьэщ. Ди мылъкури икъухьащ. ПIалъэ къыдэфти, апщIондэху ди хэкум фынимыхьэ.

- Шапсыгъхэм къывжаIауэ фощIэ фэ къыфщIэлъыр, - жиIащ генералым. - Гъуэгу фытехьэнумэ, хущIыхьэгъуэ фиIащ. Фэр щхьэкIэ дышынэркъым дэ, къыдэфщIэфыни щыIэжкъым: абэзэхэхэмрэ шапсыгъхэмрэ нэхърэ нэхъ гугъу дывдехьынукъым. ГущIэгъу фхуэтщIынкIэ, дыфщысхьынкIэ фыкъытщымыгугъ... АфIэкIа сывэпсэлъэн мурад сиIэкъым. Фпэзубыдыр ныфхуэстхакIэщ, си псалъэм фемыувалIэмэ, дзэр несшэжьэнурэ фи хэкум сынихьэнущ.

- Ар къыдгуроIуэ дэ. Абазэхэхэмрэ шапсыгъхэмрэ текIуам дызэрыпэмылъэщынур дощIэ, итIани, гущIэгъу къытхуэфщIынкIэ дыфщогугъ, - жиIащ Елбэз.

- Фи щхьэр къэвмыгъэпцIэж абыкIэ! - яхуэгубжьащ генералыр убых тхьэмадэхэм. - Сэ фызоцIыху фэ, фызэщэри сощIэ. Хы Iуфэм фыщызэхуэсынумэ, гъуэгур фоцIыху. ЗымыцIыху къыфхэтмэ, шапсыгъхэмрэ абазэхэхэмрэ иреупщI. АфIэкIа фхудэсчыхынукъым.

Ар жери, генералым лъэныкъуэ зригъэзыжащ. Убых тхьэмадэхэм къагурыIуащ я лъэпкъым и унафэм кIэ зэригъуэтар.

Убыххэм я щхьэм крикIуа мыгъуагъэм теухуащ абхъаз тхакIуэ цIэрыIуэ ШинкIубэ Бэгърат и «ЖылакIэ» романыр, ар бзэ куэдкIэ зэдзэкIауэ зыбжанэрэ къыщыдэкIащ ди хэкуми хамэ къэралхэми. НэгъуэщI тхыгъэ куэди дунейм къытехьащ, убыххэм къатепсыха насыпыншагъэмрэ леймрэ хэIущIыIу ящIауэ. Абыхэм цIыхур щыгъуазэ хъуащ иужьрей илъэсхэм. Иужьрей илъэсхэращ Тыркум Iэпхъуа убыххэм я щIэблэхэм дзэпщ, лIыщхьэ, дипломат, тхакIуэ цIэрыIуэ куэд къызэрыхэкIам цIыхур щыгъуазэ щыхъуар. Апхуэдэ убых цIэрыIуэ куэдым нэIуасэ уахуещI ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и «Щикъухьащ адыгэр дунеижьым» тхылъым (Налшык, 2000 гъэ). Абыхэм ящыщщ маршал, генерал, адмирал хъуауэ тыркудзэм хэтахэр: Быж Ахъмэт, Хъундж Алий, Зэрахъуэ Бэчыр, КIэнкIэ Хъусейн, Дипщэу Шэрджэс, Бэрзэдж Мухьэмэд, Тхьэрхэт Джамил, Дзэпщ Бэрэкъей Мухьэмэд, Щхьэплъы Азиз сымэ, нэгъуэщIхэри; Тыркум и премьер-министр къулыкъур зэрихьащ КIэнкIэ Хъусейн, Меджлисым (Парламентым) хэтащ Хъундж Алий, Беич Хьэкъы, Сынджыр ФуIэд, Тхьэрхэт Джамил, Дзэпщ Бэрэкъей Мухьэмэд, Джебесой Алий (Меджлисым и Iэтащхьэуи щытащ), министр IэнатIэм бгъэдэтащ Зеифэ Черкес Хьэсэн, Джебесой Алий, КIэнкIэ Хъусейн, Беич Хьэкъы, Хъунэжь Ихьсан Сабри (хамэ къэрал IуэхухэмкIэ министру, Меджлисым и Iэтащхьэуи щытащ, Тыркум и президент къулыкъури пIалъэкIэ зэрихьащ), нэгъуэщIхэри. ТхакIуэ, щIэныгъэлI, публицист цIэрыIуэ хъуащ Дигунэ Акиф, Зеифэ Абдулыхь (роман зыхыбл къызэринэкIащ), Щхьэплъы Хъусейн, АмкIэ Хьэсэн, Сынджыр ФуIэд, Тхьэрхэт Ахьмэд (адыгэбзэкIэ тхылъ зыбжанэ къыдигъэкIащ). Ахэр псори убыхщ, 1864 гъэм хэкур зрагъэбгынахэм я щIэблэщ. Убыхщ дуней псом щыцIэрыIуэ бэнакIуэ, Олимп Джэгухэм я чемпионхэу ГъукIэ (Догу) Яшаррэ Ущхъуэ (Къаплъэн) Хьэмидрэ.

Уи жагъуэ хъур апхуэдиз цIыху цIэрыIуэ къызыхэкIа убыххэр тхыдэм зэрыхэбзэхэжарщ: и анэдэлъхубзэр кууэ зыщIэж, лъэпкъ IуэрыIуатэм фIыуэ щыгъуазэ убых тхьэмадэт Эсенч (Зеифэ) Тофикъ (1907 - 1992). Ар дунейм ехыжа нэужь, убыхыбзэм хуиту ирипсалъэ цIыху къэнэжакъым, ар щIэныгъэлIхэм ядж фIэкIа.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.**




● Къуажэхьхэр

## ТIысыпIэ щэнауэ, хьэуам щызеуэ

Тафэ хужьыбзэ,
Жылэ фIыцIабзэ.

Iэнэм къыщапсэлъ,
Псалъэу щыIэм я нэхъ дахэ,
Псалъэу щыIэм я нэхъыфI.

Зи ныбэм мафIэ щыджэгу,
Уэгум щыджэгур зи губжь.

Гъатхэм фIыцIэу зэрадзэкI,
Гъавэ бэву къыщагъэкI.

Ар и закъуэу зэи ямышх,
Ар хэмылъу лы ямышх.

ТIысыпIэ щэнауэ,
Хьэуам щызеуэ.

*Зэхэзылъхьар* ЩОДЖЭН Леонидщ.

ЖЭУАПХЭР:
*Тхылъ. Хъуэхъу. Хьэку. Хьэринэ. Хьэсэ. Шыгъу.*

● ЖыIэгъуэхэр

## Куэдым епщIыхьурэ, мащIэми хэкIыжащ

♦И натIэм къритха къеджэжыфа щыIэкъым.
♦И нэрэ и псэрэ зэфыгъуэжт.
♦И ныбэм из мыхъуурэ и гур къиуIащ.
♦И псалъэ игъэмащIэри, и фIыщIэ бэгъуащ.
♦И щхьэ темылъ трилъхьэри, езым зыкъыхуэIэтыжакъым.
♦И Iэтэр Iэмбатэу къызыщыхъужри мащIэкъым.
♦И Iуэху нэхърэ и мыIуэху нэхъыфIу зэрехуэ.
♦Иджы ахъшэ иумытауэ уэрэдкIэ я гупкIэ урагъэтIысхьэжыркъым.
♦Изрэ някъуэрэ гукIэ зоныкъуэкъу.
♦Куэд зыщIэ нэхърэ зыри зымыщIэр нэхъ тышу мэжей.
♦Куэдрэ уэм и дамэр нэхъ быдэ мэхъу.
♦Куэдрэ щыта махъсымэм укъыщеху.
♦Куэдрэ ягъэнысщкIуа псалъэ IэфI щIэлъыжкъым.
♦Куэдым епщIыхьурэ, мащIэми хэкIыжащ.
♦Куэдым ухэныжами, мащIэм зыхыумыгъэкIыжыпэ.
♦Куэншыбыжь удзри дахэу мэгъагъэ, ауэ ищI жылэр езым ещхьыжщ.

КIЭРЭФ Хьэсэнбий.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр



**ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и утыкум щагъэлъэгъуа спектаклхэм я нэхъыфIхэм яхыубжэ хъунущ IутIыж Борис и «Тыргъэтауэ» трагедием къытращIыкIыу а цIэ дыдэр иIэу абы щагъэувар.**
**Абы еплъауэ ар гукъинэж зыщымыхъуа гъуэтыгъуейщ. Апхуэдэу щIыщытри, пьесэр зи Iэдакъэ къыщIэкIами, ар зыгъэувахэми, абы щыджэгуа актёрхэми ягурэ я псэрэ халъхьэу а лэжьыгъэр зэращIарщ.**
**Мэуэтхэм я тхьэмадэ Шупашэ и ролыр зыгъэзэщIа Къаздэхъу СулътIанрэ абы ипхъу дзэзешэ хахуэу джэгуа ЖьакIэмыхъу КIунэрэ зыхэт теплъэгъуэщ мы сурэтым къиищыр. ЦIыхубэм фIыуэ ялъагъу артистхэм я зы псалъи зэрыдамыгъэхуным хущIэкъуу, абыхэм зэщIаIыгъыу еплъырт спектаклым къекIуалIэхэр.**

● Лъэпкъ шхыныгъуэ

## ЩIыдэ гъэлыгъуа

ЩIыдэр ди щIыпIэм къыщокI, джэш лъэпкъым хыхьэу ябж. ЩIы щIагъым джэшым ещхь жылэхэр щохъу. Абы дагъэу процент 45 - 60, къэуату процент 23 - 27-рэ хэлъщ. ЗэрыцIынэу пшхымэ, уи щхьэр егъэуз икIи гурыхькъым. Ягъэлыгъуэмэ, шхыгъуафIэщ, IэпэкIэ къыщыпщтэкIэ и фэ пIащIэ цIыкIухэр езыхэр толъэлъ. ЩыпшхкIэ къыпIурыщащэу щытщ. КIэтIий узхэмкIэ сэбэпщ. ЩIыдэр тебэ гъущэ иракIутэ, пэшхьэкум трагъэувэри, мафIэ щабэм тету чымчыркIэ зэIащIэурэ дакъикъэ 30 - 35-кIэ ягъэлыгъуэ. ЩIыдэ гъэлыгъуар пэшхьэкум къытрахыж, зэIащIэурэ тIэкIу ягъэупщIыIу, IэкIэ къапщтэ хъууэ. ЩIыдэ лыгъуар тIэу-щэ щIагъэпщыж. Яшх сэхуран купщIэ гъэлыгъуам хуэдэу. ХуабжьуIэфIщ.

***Халъхьэхэр:*** щIыдэ цIынэу - г 400, щIыдэ гъэлыгъуауэ къыхокI - г 380-рэ.

*«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.*

● ГушыIэхэр

### Тхылъ

Тхылъ зытхар редакторым йоупщI:
- Си тхылъым сыт и хъыбар?
- Уэлэхьи, хъыбарыфI имыIэ. Мыхьэнэншэу зэрыщытым къыхэкIкIэ уи тхылъыр къыдэдгъэкIыркъым.
- Дауэ зэрымыхьэнэншэр! ДжатэкIэ танкым еуауэ итщ.
- А, зиунагъуэрэ, джатэкIэ танкым еуэрэ-тIэ?!

### КъакIуэри кIуэжащ...

Зэгъунэгъу фызыжьитI зэпсалъэрт:
- Уа, ГуащэцIыкIу, уи нысэр щхьэ икIыжа?
- Алыхь, сымыщIэ мыгъуэ, ДисцIыкIу, зыми зыри хэтщIыкIыркъым. И къэкIуэкIам хуэдэщ и кIуэжыкIари.

БЕКЪУЛ Барэсбий.

● Псалъэжьхэр

## Нэгум щIэхур гум йохуж

♦**И напэр итхьэщIами, напэншагъэр хухэгъэгъуэщакъым.**
♦**И напэм нэхърэ тебза къэнжалыр нэхъ къабзэт.**
●**Щауэр зыгъэщауэр гуащэщи, гуащэр зэрыгуащэр и щэнщ.**
●**Абы и гъащIэр Iэхъуэхэмыхьэу ехь.**
●**Зэрымылъагъумэ, зэщIолIэ, зэрылъагъумэ, йолIыкI.**
●**Напэм техуэр жьэм жеIэф.**
●**Нахуэ жыIэнрэ нэ ищIынрэ.**
●**Нэгум щIэхур гум йохуж.**
●**НитIрэ пэт, зэфыгъуэгъущ.**
●**Псэ зыпыту мышынэ щыIэкъым.**
●**Псэрэ пэт хьэхущ.**
●**Пшэм уефийкIэ къэувыIэн, вым уегийкIэ гурыIуэн?**
●**Пщэдджыжь хьэщIэ гъэхьэщIэгъуафIэщ.**

● Хъуэхъу

***Налшык къалэ щыпсэу ГуэщIокъуэ Жаннэ Юрэ и пхъум къыщалъхуа махуэр фокIадэм и 4-м игъэлъэпIащ***



ПщIэ зыхуэтщI, фIыуэ тлъагъу Жаннэ! Уи дунейр дахэрэ узыншагъэр уиIэу, фIыгъуэр уи куэду, гъащIэр махуэ къэс щIэщыгъуэ пщыхъуу, гуауэм упэIэщIэу, гуфIэгъуэр къыбдекIуэкIыу, фIыуэ плъагъухэм уагъэгушхуэу, уи гурылъымрэ мурадымрэ къохъулIэу, уи хабзэрэ уи нэмысрэ пIыгъыжу, уи псэр къабзэу, уи гур зэIухауэ цIыхум уадокIуэкIри, абы и сэбэп къокIыжу иджыри илъэс куэдкIэ Тхьэр къыпхуэупсэну ди гуапэщ.

***Срыкъуэхэ, ХьэщIэлIхэ, ЩхьэщэмыщIхэ я унагъуэхэр.***

● Бэзэр дыхьэшх-дыхьэгъхэр

## Зэщхьэгъуситlыр зэщыхьэж зэрыпэтар

Къэсщэхунышхуи щымыIэу бэзэрым сыздэкIуам, дыхьэпIэм деж шокъущ жоуэ сащыхуозэ Къармэхьэблэ къызэриIэпхъукIхэрэ куэд мыщIа Мыхьмудрэ Хъанийрэ:
- Бэзэр босын, си гъунэгъущIэхэ! ЛIо, фызыплъыхьакIуэ хьэмэрэ фыщэхуакIуэ?
- Упсэу апщий, Мыхьэмэт. Уэлэхьэ, къэтщэхунышхуи щымыIэ. ЩIалэмрэ нысащIэмрэ, Тхьэм и шыкуркIэ, зэкIэ зыми дыщагъащIэркъым...
- Тхьэразэ къахухъуи, ар хъарзынэкъэ-тIэ?
- Дакъыхудэкlын дымыдэурэ, икIэм-икIэжым я хьэтыр зэрытлъэгъуахэм щхьэкIэ, къыдэубзэхэу арагъэнщ... Уэ уи бэзэр Iуэхухэр зэфIэбгъэкIа?
- Сэри сыкъэса къудейуэ арат. ФынакIуэ - хьэщIагъэ фэсхынщ: гъуэгугъэлъагъуэ сыфхуэхъунщ, - жызоIэри, сэ зызгъэхэгъэрейрэ, мохэр згъэхьэщIэ пэлъытэу, си гъунэгъущIэхэр изошажьэ.
Япэ дызыхуэзар кIэртIоф щапIэрати, а ерыскъымкIэ Къэбэрдей псом щыцIэрыIуэ къуажэм зэращыщхэр ягъэгъуащэркъым моитIум: къэп хъархэм, ашыкхэм, пэгунхэм, тэрэзэ тепщэчхэм къиилыдыкI, къиплъ кIэртIоф дахэшхуэхэм блэкIыфхэркъым - къэувыIауэ зоплъыжхэр. Апхуэдэ кIэртIоф езыхэр къыздикIа къуажэм нэмыщI, нэгъуэщI щIыпIэ къыщыкIынкIэ зэрымыхъунум шэч къытрамыхьэ пэтми, сэ зыкъысхуагъэщIэгъуэну арагъэнщи:
- Дэнэ къуажэ кIэртIоф, ди шыпхъу, мыр? - Мыхьмуд къещтэ IэштIым зэгуэтышхуитIми къыщымынэн зы кIэртIоф зыкъуизых.
- Ан-на, мыпхуэдэ кIэртIоф къыщрахьэлIэнкIэ хъунур фымыщIэу ара? Къармэхьэблэ кIэртIофщ, тхьэ! - къытхуогуфIэ «ди шыпхъур».
«Плъэгъуа?! Дыщыуатэкъым» жыхуиIэу, къысщогуфIыкI си гъунэгъур.
- КIэртIоф бэлыхь къэбгъэкIащ. Хэтхэ уащыщ, тIасэ?
- Щоджэнхэ сранысэщ, тхьэ...
- Хэтхэ жыпIа?! – къоуIэбжь Мыхьмуд.
- Щоджэнхэ жысIащ, тхьэ, - и напIэ мыхуадэу жэуап къет къармэхьэблэ нысэм.
Зэщхьэгъуситlыр зоплъыж, арщхьэкIэ зым апхуэдэ нысэ, адрейм апхуэдэ нысэгъу иIэу къахуэщIэжыркъым.
- ЕмыкIу сыкъыумыщI, тIасэ, узищхьэгъусэр...
- ПэркIурор ухъуа Iей? А псор щIызепхуэр сыт? КIэртIоф пщэхунумэ, мыр кIэртIофщ. Уигу иримыхьрэ - бэзэрыр инщ... - зэран фымыхъуу, фи гъуэгу фытет, - жыхуиIэу, цIыхубзым и нэр къытхузэрегъэдзэкI, ауэ Мыхьмуд, ерыщ екIуауэ, «зэран мэхъу».
- ПщыкъуэцIэу умыбзыщIмэ, узищхьэгъусэмкIэ сыноупщIати...
- Укъызэупщlамэ, пщIэну дыдэр щIэ! Щоджэн Мыхьмуд срифызщ.
- Хэт, хэтщ жыпIа узифызыр? - Хъаний цIыкIу и нэхэр зэблегъэплъ, и щхьэгъусэм худоплъей.
- Що-оджэн Мы-ыхьмуд жысIащ, си псэм хуэдэ, - псалъэхэр зэпишу къыдоплъ мор. - КъывгурыIуа иджы?
- Зыгуэр зэхыумыгъэзэрыхьу пIэрэ, дахэ? - си гъуситIым соплъри, сэри мафIэм къуацэкIэ сыхоуэ. - А жыхуэпIэм къикIыр фызэрыгъуэтыжауэ аращ.
- Сыт Iей мыхэр зиIысыр?! Бынищ зыхуэзгъуэта си лIыр сымыцIыхуж нэхъей!.. - цIыхубзым къэгубжьагъэфэ зытрегъауэ.
И гъунэгъухэри абы къыщхьэщыжу щыхуежьэм:
- Уэ пхуэдэ тIуанэ сиIэу сщIакъым, тхьэ, - Хъаний и Iупэр фIызэтож.
- Уэлэхьи, Къармэхьэбли сыщыщщ, Щоджэнхи сракъуэщ, си цIэри Мыхьмудщи, бынищ зыхуэзгъуэта мыпхуэдэ щхьэгъусэ хахуэ зэрызиIэр зымыщIэу пызыхыжар сэрам... Тобэ ярэби, тобэ ярэби!..
- Мыр бэзэрщ, тIасэ. ФымыщIэ Iэджи къыщыфщIэнщ... Зэран фымыхъуу, фи гъуэгу фытет, - жери чэнджэщ къыдет си гъунэгъу зэщхьэгъуситIыр зэщызыгъэхьэж пэта «къармэхьэблэ нысэм».
Зыгуэр щыжаIэм зыгуэри щыщыIэщ псэлъафэм трищIыхьу арагъэнщи, «тIуанэ зиIэу къыщIэкIа» Хъаний цIыкIу къэлыбын къудей хъуащ:
- Мы цIыхубз цIыкIур зыкIэ захуэщ: умыщIэ Iэджи къыщыпщIэнурэ, нэхъыбэжи щызэхэпхынущ бэзэрым.
- ФыкъыIукIи фынакIуэ. Сэ сызрихьэлIами фыщIэзгъэдэIунщ, - жызоIэ, зи щытыкIэ хъуар сигу иримыхь си гъунэгъухэр «зэзгъэкIужын» хьисэпкIэ.

## Пэжри ди фIэщ щIэмыхъужыр...

Сэ сыщыщахуэр гъэш щапIэрат. Сызыхуейр кхъуейлъалъэти, гъунэжщ - хэплъыхь. Къыхэх. ТхъуцIынафэрэ данэгъуэжьычу нэм къыщIэлыдэ ухуей, уэсым хуэдэу хужьыбзэ нэхъ къапщтэ-рэ?.. ЖыпIэнурамэ, узыхэплъыхьыныр куэдыкIейщи, согуфIэ.
- Узригъэхъуапсэрэ, джэдыкIэ кугъуэу, гъуэжь дахэ уи кхъуейлъалъэр, дауи, шатэтемыхышэм къыхэпщIыкIагъэнщ, ди шыпхъу, - жызоIэ.
- АIей, сымуслъымэнкъэ? Сыадыгэкъэ сэ? Алыхьым и дежкIэ сымыплъэу, шэ щIэхуа кхъуейлъалъэ къэсхьу дауэ сщэн? ИкIи шатэтемыхущи, хывышэм хуэдэуи Iувщ, тхьэ, си жэмым къыщIэсшыр.
- Ар уи кхъуейлъалъэми къыбжеIэ, ди шыпхъу. Бетэмал, япэрей си узыншагъэр сиIэжу, хэт имышхынрэт мыпхуэдэ кхъуейлъальи ар зыдэлъу ящIа хьэлыви... Ауэ сэ пшэри дагъэ зыщIэлъи сшхы хъужыркъыми... Уи шатэтемыху кхъуейлъалъэр уасафIэ пхухъу. Сэ шэ щIэхуам къыхэщIыкIа фIэкIа сэзэгъыж мыгъуэкъыми... - жысIэу сыкъыщыIукIыжым:
- Уэмызэгъыжмэ, къэбгъуэтащ, тхьэ-тIэ, узылъыхъуэм хуэдабзэ. Хущхъуэхэлъхьэу шатэ ткIуэпс зыхыумыгъуэтэн кхъуейлъалъэщ, тхьэ, мы плъагъур. Сытыфэ уэ къызуплъыр, н-на, шатэ лъапсейр кхъуейлъалъэм дэзгъакIуэу сщэну? Уи фIэщ мыхъумэ, еплъыт, уи тэмакъыр щитхъыу, мыр зэрыгъущэпсыщэм? Абы уи гур къиуIэми, ар уи лъатэм емызэгъми, узыфIэфI дыдэр пхуэсщIэнщ, тхьэ! Къэгъази едзакъэт, кхъыIэ мыбы! - зызыгъэмуслъымэн икIи зызгъэадыгэ бзылъхугъэр къыскIэлъыджэурэ сыкъыIуокIыж.
Иджыпстурей «фи къуажэ цIыхубзыр» щыуакъым: бэзэрым Iэджи ущыхуозэ. ИкIи щызэхыбох. Iэмалыншагъэм ирихулIэмэ, пцIыупсыпIи гуэныхь къэхьыпIи ихуэурэ есэжахэщи, щхьэпрех мыгъуэхэри, сигу ящIогъу. ПцIы куэдыIуэ зэхыдагъэхыурэ, дэри зыри ди фIэщ мыхъужу дыкъагъанэ.

ЩIАКЪУЭ Мыхьэмэт.

● Пшыналъэ цIыкIухэр

## Сыт джэ макъ уэ уезышэжьэжыр?

СИ ГУР мэжеиж, си псэ, уэ укъонэ. Ауэ а уи къэнэнми сыт гуфIэгъуэшхуэу хэлъыр?! Сэ сынэщхъейуэ гъащIэ псор схьащ, пхузиIэ лъагъуныгъэр уэрэд сщIыурэ. Уэ а уэрдхэм ящыщу зы жыпIакъым! Сыт сщIэн-тIэ, ирежеиж си гур. Сэри зы гъащIэ есхьэкIащ. Кърензэ ар уэрэду.
ПщIэну щыткъым, зэгуэр уи сабийм и гущэ лъапэм деж ар дзапэ уэрэд щыпхуэхъужынкIи хъунщ, жэщыр кIыхь къыщыпщыхьум деж. Уэ укъонэ, ауэ а уи къэнэнми сыт гуфIэгъуэшхуэу хэлъ?!

* * *

- СЭ удз гъэгъа ныпхуэсхьри уи IэмыщIэм ислъхьати, ар уэ занщIэу къыхыфIэбдзэжащ. Сыт тыгъэр уэ щIысIуумыхар? Куэд щIауэ къэслъыхъуэрт сэ а удз гъэгъа сабэм хэбдзэжар! Нобэ ар къэсхьу сыкъэкIуэжу арати, схуэшэчакъым уи IэмыщIэм щэхуу измылъхьэн. Сыт ущIелъэпауэр а си тыгъэм?! Абы тет тхьэмпэхэм зым дахагъэ къыпхелъхьэ, адрейр лъагъуныгъэкIэ къыпхуоупсэ, ещанэм уи нэпс кърегъакIуэ. Арат сэ ар уэ къыщIыпхуэсхьар.
- Сэри ар щIыхыфIэздзэжар а щхьэусыгъуэ дыдэрщ... Сэ дахагъэ сиIэкъэ! Си гур Iущащэу сыщыскъэ, си напIэр мыгъущу. Сыт итIанэ зэрысщIынур ар?! Сэ сыхуейкъым апхуэдэ удз гъэгъа! Къысхуэхь тхьэмпэ цIыкIу иIэмкIэ зыкъришэкIауэ дахагъэм IэплIэ хуищIу, лъагъуныгъэм еIущащэу, напIэм хуэпхьмэ, щIалэгъуэ гъуэгур нуркIэ зэщIигъаблэу, гущIэ уэрэдкIэ зэщIигъэушэу удз гъэгъа. Сэ апхуэдэщ сызэжьэр, си гур абы ежьэурэ ешащ.

* * *

СЫТ апхудизу ущIэпIащIэр? Уи ежьэжыгъуэр къэса? Сэ си гум и бжэр Iусхри акъужь щIыIэтыIэ из сщIа къудейуэ аращ. Абы иджыри дыгъэпсхэр къыщыфэн хуейщ. ЗыхэпщIэркъэ си гур зэрыгуфIэр? Ар япэ дыдэу къэгъагъэу аращ. Сыт уэ апхуэдизу ущIэпIэщIэн хуейр? Къэсауэ ара-тIэ уи ежьэжыгъуэр?
Сигу къэгъэгъам и зы тхьэмпэ цIыкIуи къыпумычу уежьэжыну?! Сэ уэ, дауи, уеспхауэ усIыгъкъым, уи гъуэгур хуитщ, дэнэ лъэныкъуэкIэ бгъэзэнуми. Ауэ щхьэ апхуэдизу упIащIэрэ? Сэ усIыгъкъым, умыкIуэжынуи сыныщIолъэIур удз гъэгъа тыгъэ пхуэсщIын жызоIэри аращ. Плъагъуркъэ си гур япэ дыдэу къызэрыгъэгъар? Ар къэбгъанэу дауэ уежьэжыну? УэрэдкIэ сынолъэIунути, уопIащIэ, гу хъуэпскIкIэ узытесIыгъэнути, уи щIыб къэбгъэзэжащ. Сыт джэ макъ уэ уезышэжьэжыр? Уэ удз гъэгъа уфIэмыфIмэ, къитфыщIыкIыжынщи, гъэгъэншэу дыщысынщ. Уэрэдыр бужэгъуамэ, уэрэдыншэу дызэбгъэдэсынщ. Щхьэ упIащIэрэ апхуэдизу! Сэ узэрызэтесIыгъэфынур гу хъуэпскIкIэщ, сызэрыпкIэлъыджэфынур уэрэдкIэщ. Уемыжьэж! Дыщысынщ, вагъуэбэ уэгум диплъэу. Сыт хуэдэу мазэгъуэ жэщ дахэ хъуну ныжэбэ. Ди уэрэдыр вагъуэхэм уэгум къыщрашынщ, щIылъэм акъужьым къыщиIущэщынщ, уэ уемыжьэж закъуэ! Дэ щэху дыдэу дыщысынщ абы дыщIэдэIуу, моуэ къэтIыс, къэгъэтIыс уи гъусэхэри, ахэри куэд щIауэ щIохъуэпс я гущIэм и уэрэд щэхухэр къэушу щIэдэIужыну...

ТХЬЭЗЭПЛЪ Хьэсэн.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **5**. ГъущI пIащIэ. **6**. Илъэс зытIум ит шыщIэ. **7**. ПсэупIэ унэ. **8**. ПлIанэпэ. **10**. Жэмтхьэлэ къыщалъхуа адыгэ генерал. **12**. Адыгэ уэрэджыIакIуэ Iэзэ ... Ленэ. **14**. Пщэ гъум. **17**. Шым и ... макъ бом къыщIэIукIащ. **18**. УсакIуэ ... Латмир. **19**. Шы щхьэц. **22**. Шэмэджыр зэралъ пхъэ Iэмэпсымэ. **25**. Аушыджэр къыщалъхуа тхакIуэ. **26**. Лlым и шыпхъу. **28**. ЕуэкIыпIэ. **29**. ЦIыхубзхэм зыкIэралъхьэ хьэпшып цIыкIу. **31**. «Телемеханика» заводым и Iэтащхьэу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь. **32**. Сабий дыхьэшх ... къэIуащ. **33**. Ди щIыпIэр ... щIыналъэу къалъытэ ди деж къеблагъэ хьэщIэхэм. **36**. Драматург, артист, уэрэдус ... Мурадин. **38**. ХьэкIэкхъуэкIэ шынагъуэ. **39**. ГуфIэгъуэ Iэнэм щыIуэхутхьэбзащIэ.

***Къэхыу:*** **1**. Егъэлеяуэ ерыщ. **2**. Муслъымэн диным епцIыжа е цIыху бзаджэ, мыхъумыщIэ. **3**. Зэгуамыгъэжу Iэщ цIыкIум траха фэ. **4**. ... куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. **7**. Хъэуан IэфI лIэужьыгъуэ. **9**. Цей щызэIуащэкIэ Iуданэр дэзышкъыдэзышыж пхъэ кIапэ папцIэ. **10**. Пхъэщхьэмыщхьэ. **11**. Пхъэм къыхэщIыкIа бжэмышхышхуэ. **13**. А къэкIыгъэм кIапсэ къыхах. **15**. Бостеяпхъэ, кIэстумыпхъэ. **16**. Хьэндыркъуакъуэ кърашагъащIэ. **20**. Куэдрэ щыта махъсымэм и лъащIэм къыщIонэ. **21**. ... и губжьыр кхъуэм щехьэ. **23**. Хьэцэпэцэм и щхьэкIэ. **24**. ИлъэсиплI ипэкIэ екIуэкIа дунейпсо олимп зэхьэзэхуэхэм дыщэ медаль къыщызыхьа адыгэ щIалэ. **26**. Уафэ лъащIэм щызеджадэ «бжьэхуц» гуартэ. **27**. ГуфIэгъуэ Iэнэм щыжаIэ псалъэ дыгъэлхэр. **30**. ПIащэ, лы лей зытелъ, зи ныбэр къежьа. **31**. Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист, Черкесск дэт драмтеатрым зи цIэр зэрихьэ. **34**. ... зимыIэм дзажэпкъ иIэщ. **35**. ГушыIэр ... и щIасэщ. **36**. Мыщэм ар фIэбэлацэщ. **37**. Iэлъынхэм, тхьэгъухэм ирагъэтIысхьэ мывэ.

*Зэхэзылъхьар* МЫЗ Ахьмэдщ.

***Шыщхьэуlум и 29-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** 1. Хьэщпакъ. 4. Набдзэщ. 7. КIарц. 8. Уэщ. 9. IумпIэ. 10. Щай. 11. Щыхь. 12. ГъукIэ. 14. ПщIащэ. 16. Менлы. 18. ТхьэмщIыгъуныбэ. 21. Арджэн. 22. Хьэблэ. 23. Бжы. 24. Сэхъу. 25. Чэт. 29. Тебэ. 30. Гъэр. 31. Жумэ. 32. Нарзан. 33. Тэрэзэ.
***Къэхыу:*** 1. ХьэкIэзэпх. 2. Щэращ. 3. Къауц. 4. Нащэ. 5. Дзэмыхь. 6. Щхьэгъэрыт. 13. КIэрывэж. 15. Щхьэзэ. 17. Емышэ. 19. Дагъыстэн. 20. IэпэIэсэ. 24. Сабыр. 26. Теунэ. 27. Бгъэн. 28. Курыт.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд
Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; узыншагъэмрэ щIыуэпсыр хъумэнымкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 33
12+

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Джатокъуэ Марьянэ, редактору ЖьэкIэмыхъу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ (1,2, 3-нэ нап.), Щоджэн Заирэ (4, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр П 5894 ● Тираж 2.009 ● Заказ №1824